**WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASİ’ JOQARİ’ HA’M WORTA ARNAWLİ’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTİRLİGİ**

**BERDAQ ATİ’NDAG’İ’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**QARAQALPAQ FİLOLOGİYASİ’ FAKULTETİ**

**Fakultet dekani’:**
___________ f.i.k., doc. Q.K.Turdi’baev

«______» _______________ 2013-j?l

**5320100-Jurnalistika bakalavr bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Qudaynazarova Ranoni’n’ «QARAQALPAQSTAN BASPASO’ZİNDE A’DEBİY Sİ’N MATERİALLARİ’Nİ’N’ SA’WLELENİWİ («Yerkin Qaraqalpaqstan», «Qaraqalpaq a’debiyati» gazetalari ha’m «A’miwda’rya» jurnali’ materiallari’ mi’sali’nda)» temasi’ndag’i’**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

**Jaqlawg’a ruxsat berildi**
Jurnalistika kafedrasi’
**Kafedra basli’g’i’:**
t.i.k., doc. D.WO’.Bekbawliev
________________________
(qoli’)
«____» ____________2013-j

**İlimiy basshi’si’:**
f.i.k., doc. Q.J.Qalekeev
____________________
(qoli’)

**NO’KİS – 2013**

**Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’**

**QARARI’**:

**5320100-Jurnalistika bakalavr bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Qudaynazarova Ranoni’n’ «QARAQALPAQSTAN BASPASO’ZİNDE A’DEBİY SI’N MATERİALLARI’NI’N’ SA’WLELENİWİ («Yerkin Qaraqalpaqstan», «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetalari’ ha’m «A’miwda’rya» jurnali’ materiallari’ mi’sali’nda) temasindag’i’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na**

**«____________» ball qoyi’lsi’n**

**MAK basli’g’i’:** ______________ ______________________________
(qoli’) (f.i.sh)

**MAK ori’nbasari’:** ______________ ______________________________
(qoli’) (f.i.sh)

**MAK ag’zalari’:** ______________ ______________________________
(qoli’) (f.i.sh)

______________ ______________________________
(qoli’) (f.i.sh)

______________ ______________________________
(qoli’) (f.i.sh)

______________ ______________________________
(qoli’) (f.i.sh)

______________ ______________________________
(qoli’) (f.i.sh)

**JOBASI':**

KİRİSİW

1.BAP. QARAQALPAQSTAN BASPASO'ZİNDE A'DEBİY SI'N MATERİALLARI'NI'N' TUTQAN WORNI' HA'M A'HMİYETİ

**1.1. Zamanago'y qaraqalpaq baspaso'zinde a'debiy si'n janri'nda ja'riyalang'an materiallardi'n' a'hmiyeti**

**1.2. Qaraqalpaqstan baspaso'zinde a'debiy si'n materiallari'ni'n' tutqan worni'**

2.BAP. BASPASO'ZİNDE JA'RİYALANG'AN A'DEBİY SI'N MATERİALLARI'NI'N' İNFORMACİYALIQ QA'SİYETİ HA'M PUBLİCİST SHEBERLİGİ MA'SELELERİ

**1.2. Baspaso'zinde ja'riyalang'an a'debiy si'n materiallari'ni'n' informaciyali'q qa'siyeti**

**2.2. A'debiy si'n materiallari'n tayarlawda publicist sheberligi**

JUWMAQLAW

PAYDALANI'LG'AN A'DEBİYATLAR DİZİMİ

# KİRİSİW

**Temani'n' aktualli'g'i'.** Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari' g'a'rezsizlikke yeriskenimizden son' yelimiz wo'zinin' ja'miyetlik-siyasiy, ekonomikali'q, ruwxi'y-ma'deniy rawajlani'w joli'na iye boldi'. Ko'p a'sirlik tariyxqa iye bolg'an qaraqalpaq xalqi'ni'n' bay ma'deniyati' ha'm a'debiyati' bu'gingi informaciya ag'i'mi'ni'n' jedel rawajlani'p, globallizaciyalasi'p ati'rg'an da'wirde wo'zligimizdi an'lawda, milliy u'rip-a'detlerimizdi asrawda u'lken a'hmiyetke iye.

Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidenti İ.A.Karimov wo'zinin' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» atli' kitabi'nda ayri'qsha atap ko'rsetkenindey «Bu'gin biz tariyxi'y da'wirde – xalqi'mi'z wo'z aldi'na iygilikli ha'm ulli' maqsetler qoyi'p, paraxat - ti'ni'sh turmi's keshirip, yen' da'slep wo'zinin' ku'shi ha'm imkaniyatlari'na tani'si'p, demokratiyali'q ma'mleket ha'm puxarali'q ja'miyet quri'w joli'nda u'lken na'tiyjelerdi qolg'a kirgizip ati'rg'an bir zamanda jasap ati'rmi'z. A'lbette, bunday na'tiyjelerge yerisiwmizde milliy a'debiyati'mi'zdi'n' worni' ayri'qsha».[1] Sonli'qtan-da, bu'gingi ku'nde milliy a'debiyati'mi'zdi', a'debiyattani'w ilimin ha'm woni'n' aji'ralmas bir bo'legi bolg'an a'debiy si'n materiallari'n u'yreniw u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi, ko'rkem a'debiyat miliy idelogiyami'zdi' en jaydi'ri'wda, turmi's shi'nli'g'i'n, zaman haqi'yqatli'g'i'n sa'wleleniwinde u'lken wori'n iyeleydi. A'sirese, ko'rkem shi'g'armalarda da'wir shi'nli'g'i' obrazlar arqali' ashi'p berildi. A'debiyatta turmi's shi'nli'g'i'ni'n' ha'mde zaman haqi'yqatli'g'i'ni'n' sa'wleleniwin Qaraqalpaqstan baspaso'zinde ja'riyalang'an a'debiy si'n materiallari' arqali'da ko'riwimiz mu'mkin. A'debiy si'n ko'rkem a'debiyat penen birgelikte rawajlani'p, si'baylas boli'p kelmekte. Sonli'qtan da, bu'gingi globallasi'w da'wirinde a'debiy si'n materiallari'ni'n' milliy baspaso'zimizde sa'wleleniwin u'yreniw aktual ma'selelerden biri boli'p yesaplanadi'.

---

[1] Karimov İ.A. Joqari' ma'na'wiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: Wo'zbekiston. 2008.

**Maqset ha’m wazi’ypalari’.** Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ni’n’ tutqan worni’n ha’m woni’n’ informaciyali’q qa’siyetin ani’q mi’sallar tiykari’nda ko’rsetip beriwden ibarat. Buni’n’ ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ wori’nlaw kerek:

- zamanago’y qaraqalpaq baspaso’zinde a’debiy si’n janri’nda ja’riyalang’an materiallardi’n’ a’hmiyetin ani’qlaw;

- Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ni’n’ tutqan worni’ ko’rsetip beriw;

- baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ni’n’ informaciyali’q qa’siyetilerin u’yreniw;

- a’debiy si’n materiallari’n tayarlawda publicist sheberligin analiz yetiw.

**Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ni’n’ ilimiy jan’ali’g’i’.** G’a’rezsizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiyatti’n’ ayi’ri’m janrlari’ni’n’ rawajlani’w wo’zgesheliklerin, bazi’ jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiliginin’ xarakterli ta’repleri yamasa ayi’ri’m shi’g’armalarda ko’rinetug’i’n ko’rkemlik, sheberlik ma’selelerin, wolardi’n’ do’retiwshiliginde ko’rkem a’debiyat metodi’n ha’m stildi wo’zlestiriw wo’zgesheliklerin, sonday-aq, a’debiyattani’w ilimi talaplari’na juwap bermeytug’i’n ko’rkem shi’g’armalardi’ si’ng’a ali’wshi’ a’debiy si’n materiallar wo’z worni’n tappaqta.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ni’n’ ilimiy jan’ali’g’i’ g’a’rezsizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ni’n’ sa’wleleniwin, wolarda ko’rkem a’debiyat metodi’n ha’m stildi wo’zlestiriw wo’zgeshelikleri, jazi’wshi’-publicistlerdin’ sheberligi ha’m informaciali’q qa’siyetleri gazeta materiallari’ tiykari’nda birinshi ma’rte u’yrenilip ati’rg’anli’g’i’ menen belgilenedi.

**Teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti.** Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ a’debiy si’n materiallari’ni’n’ publicistikali’q-informaciyali’q si’pati’n ha’m publicistika

teoriyasi’ ha’m a’meliyati’n ilimiy izertlewde teoriyali’q jetilistiriwde ko’mekshi qural si’pati’nda xi’zmet yetedi.

Soni’n’ menen birge a’debiyat, a’debiy si’n ha’m baspaso`z benen qi’zi’g’i’wshi’ a’debiyatshi’lar, jurnalistika qa’nigeliginin’ izleniwshileri, magistr ha’m studentleri paydalani’wi’ mu’mkin.

**İzertlew obekti ha’m predmeti.** Jumi’sti’n’ obekti tiykari’nan g’a’rezsizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zide, atap aytqanda, «Yerkin Qaraqalpaqstan», «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetalari’ ha’m «A’miwda’rya» jurnali’nda ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ boli’p yesaplanadi’.

İzertlewdin’ predmeti si’pati’nda a’debiyatshi’ ali’mlar, jurnalist-publicistler, filosof ha’m tariyxshi’ ali’mlardi’n’, atap aytqanda, Q.Ja’ri’mbetov, Q.Worazi’mbetov, Sh.Usnatdinov, A.A’bdiev, J.Bazarbaev, Sh.Babashev, A’.Atajanov, Wo.Yusupov ha’m tag’i’ basqalarda avtorlardi’n’ a’debiy si’n janri’ndag’i’ maqalalari’ u’yrenildi.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’.** Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ metodologiyakali’q tiykari’ si’pati’nda yen’ da’slep Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ni’n’ Konstituciyalari’na[2], G’alaba xabar qurallari’ haqqi’ndag’i’ ma’mleketimiz ta’repinen shi’g’ari’lg’an ni’zamlarg’a[3] ha’mde Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Prezidenti İ.A.Karimovti’n’ miynetlerinde ilgeri su’rilgen pikirlerge[4] su’yendik. A’debiy si’n materiallari’ni’n’ baspaso’zde sa’wleleniwin u’yreniwde publicistika ha’m a’debiyattani’w ilimine

---

2 Wo’zbekiston Respublikasi Konstituciyasi. – T.: Wo’zbekiston. 2001.; Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’. – N.: Qaraqalpaqstan. 1993.

3 To’rtinchi hokimiyat: O’zbekiston Respublikasining qonunlari, qarorlari va boshqa hujjatlari to’plami. – T.: Mehnat. 2003..

4 Karimov İ.A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: Wo’zbekiston. 2008; O’zbekistonning o’z taraqkiyot va istiqlol yo’li. -T.:O’zbekiston.1992; Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir.-T.:O’zbekiston.1996;O’zbekistonda demokratik o’zlashtirishlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyat asoslarini shakllantirishning asosiy yo’nalishlari.-T.:O’zbekiston.2002; Bizning bosh maqsadimiz jamiyatni demokratiyalashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir.-T.:O’zbekiston.2005; O’zbekiston Respublikasi Prezidenti İslom Karimovning O’zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining 2010 yil 12 noyabrdagi qo’shma majlisidagi “Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi” mavzusidagi ma’ruzasini o’rganish bo’yicha / O’QUV-USLUBİY MAJMUA. – Toshkent: 2010.

tiyisli fundamental miynetlerden, monografiyalardan, woqi'w qollanbalar ha'm maqalalardan paydalandi'q.[5]

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'ni'n' du'zilisi**. Pitkeriw qa'nigelik jumi'si' Kirisiw, to'rt bo'limdi wo'z ishine alg'an yeki tiykarg'i' bap, juwmaqlaw ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.

---

[5] Axmedov S. Qaraqalpaq a'debiy si'ni'. – No'kis: Qaraqalpaqstan. 1993; Ja'rimbetov Q. XIX a'sir Qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetleri ha'm rawajlani'w tariyxi'. N. Bilim 2004; Worazi'mbetov Q. Ha'zirgi Qaraqalpaq lirikasi'nda ko'rkem formalarda trilogiyasi' ha'm tipologiyasi'. N. 2004; Nurmuxamedov h.t.b. Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ma'seleleri. 1-toplam. – No'kis: Qaraqalpaqstan. Turdi'baev .Q. XIX asr qoraqalpoq didaktik she'rlar (janr xususiyatlari va taraqqiyoti tarixi) filol. f. nomz… diss. avtoref. – Nukus: 2005. Turdi'baev Q. Didaktikali'q qosi'qlar – ruwxi'yli'g'i'mi'z g'a'ziynesi. – Nokis: 2009. Tagaev Wo. Publicistika janrlari'. T.1976. Muminov F. Jurnalistika ijtimoiy sifatida.T. Universitet 1999; Terti'chni'y A.A. Janri' periodicheskoy pechati. – M.: Aspekt Press. 2002.

# 1.BAP. QARAQALPAQSTAN BASPASO'ZİNDE A'DEBİY SI'N MATERİALLARI'NI'N' TUTQAN WORNI' HA'M A'HMİYETİ

## 1.1. Zamanago'y qaraqalpaq baspaso'zinde a'debiy si'n janri'nda ja'riyalang'an materiallardi'n' a'hmiyeti

Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan respublikalari' ja'miyetlik-siyasiy, ruwxi'y-ma'deniy ha'm ekonomikali'q jaqtan g'a'rezsizlikke yeriskennen son' wo'zinin' yerkin puqarali'q ha'm demokratiyali'q joli'n tan'ladi'. Ma'mleketimiz g'a'rezsizligi xali'q turmi'si'ni'n' ba'rshe tarawlari'nda u'lken wo'zgerislerdin' ju'zege keliwine, jan'a woy-pikirlerdin' woyani'wi'na, xali'q wo'zligin an'lap, ruwxi'y ka'millikke qaray talpi'ni'wi'na tu'rtki boldi'. Bul jolda g'alaba xabar qurallari' bolg'an baspaso'z, radio, televidenienin' tutqan worni' ayri'qsha yekenligi ba'rshemizge ma'lim.

Prezidentimiz İ.A.Karimov 2010-ji'ldi'n' 12-noyabr sa'nesinde boli'p wo'tken Oliy Ma'jilistin' Ni'zamshi'li'q palatasi' ha'm Senati'ni'n' qospa ma'jilisinde shi'g'i'p so'ylegen bayanati'nda: «G'a'rezsizliktin' sharapati' menen puqaralari'mi'zdi'n' du'nya qarasi', woy-wo'risi, huqi'qi'y bilimi, sanasi' ha'm ma'deniyati'nda tu'pkilikli wo'zgerisler ju'z berdi.

Bu'gin Wo'zbekstanda basqari'wdi' liberallasti'ri'w ma'mleket ha'm ja'miyetti moderinizaciyalaw, ekonomikani' yerkinlestiriw, a'dalatli' puqarali'q ja'miyetin rawajlandi'ri'w processlerinin' yengiziwi menen g'alaba xabar qurallari' xi'zmetine jan'asha ko'z qarasta qatnas jasawdi' talap yetpekte. Bul ma'sele, hesh qanday gu'mansi'z, puqarali'q ja'miyettin' yen' a'hmiyetli institutlari'nan biri bolg'an g'alaba xabar qurallari'ni'n' xi'zmetin yerkinlestiriw ma'selelerine ayri'qsha itibar beriwdi talap yetedi.»[6] -dep ayri'qsha atap ko'rsetken yedi.

[6] O'zbekiston Respublikasi Prezidenti İslom Karimovning O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining 2010 yil 12 noyabrdagi qo'shma majlisidagi "Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi" mavzusidagi ma`ruzasini o'rganish bo'yicha / O'QUV-USLUBİY MAJMUA. – Toshkent: 2010.

Ga’rezsizlik da’wirinde barli’q tarawlarda bolg’ani’ si’yaqli’ ju’rnalistikali’q ha’m publicistikali’q do’retpelerde, sonday-aq a’debiyatta ha’m ko’rkem a’debiy shi’g’armalarda u’lken jan’ali’qlar ha’m jan’alani’wlar ju’z berdi. Bul jan’alani’wlar a’debiyatta turmi’s shi’nli’g’i’ni’n’ zaman haqi’yqatli’g’i’ni’n’ sa’wleleniwinde wo’z ko’rinisin tapti’. A’sirese, ko’rkem shi’g’armalarda da’wir shi’nli’g’i’ obrazlar arqali’ ashi’p berildi. A’debiyatta turmi’s shi’nli’g’i’ni’n’ ha’mde zaman haqi’yqatli’g’i’ni’n’ sa’wleleniwin Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ arqali’da ko’riwimiz mu’mkin.

Rus woyshi’li’ Belinskiy: «Si’n teoriyani’n’ praktikada qollani’li’wi’. Ko’rkemlik ni’zami’ni’n’ sistemalasqan garmonikali’q birligi, teoriyasi’, si’n udayi’ qozg’ali’sta boladi’, alg’a rawajlani’p baradi’, ilim ushi’n jan’a materiallar, jan’a mag’li’wmatlar ji’ynaydi’. Wol ha’rekettegi estetika» -degen bolsa, «Si’n qanday da bolmasi’n a’debiy shi’g’armalardi’n’ jetiskenligi ha’m kemshilikleri haqqi’nda pikir ju’rgiziw. Woni’n’ maqseti-jurtshi’li’qti’n’ jaqsi’ pikirlerin sa’wlelendiriwge xi’zmet yetiw ha’m usi’lardi’ ken’ ja’miyetshilikke tarati’wg’a ja’rdem yetiw»,-dep jazdi’ Cherni’shevskiy. Ulli’ woyshi’llar ta’repinen bergen bul ani’qlama ha’zirgi da’wirdin’ si’ni’na da tiyisli ha’m wo’z bahasi’n joyi’tpag’an dep yesaplaymi’z.

G’a’rezsizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ jiye qollani’li’p kiyati’rg’an janrlardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Bul janr a’debiyat penen barabar rawajlani’p, si’baylas boli’p kelmekte. Sonli’qtan da, a’debiy si’n bag’dari’ndag’i’ materiallar baspaso’zde buri’ng’i’ awqam da’wirinde de, ha’zirgi zamanago’y jurnalistikada da ken’ qollani’li’p kiyati’rg’an janrlardan yesaplanadi’.

A’debiy si’nni’n’ payda boli’wi’, qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’ ko’rkem a’debiyat penen bolg’ani’nday jurnalistika menen de tikkeley baylani’sli’. Bul haqqi’nda S.Axmetov wo’zinin’ «Qaraqalpaq a’debiy si’ni’» dep atalg’an miynetinde: «Qaysi’ xali’qta da a’debiy si’n baspaso’zdin’ payda boli’wi’ menen baylani’sli’. Du’nyali’q a’debiyatta, sonday-aq rus a’debiyati’nda arnawli’

kritikali'q miynet tap XVII-XVIII a'sirlerge shekem usi' so'zdin' toli'q ma'nisinde bolg'an yemes. XVII-XIX a'sirlerde a'debiyattani'w qa'liplese baslag'an da'wirde wol sinkritikali'q si'patqa iye bolg'an, filosofiya menen filologiyag'a ko'p su'yendi. Platonnan baslap, ko'p filosoflar so'z iskusstvosi'n adamzat wo'mirinin' bir tu'ri si'pati'ndag'i' ta'biyati'n ashi'wdi' maqset yetse, ko'pshilik filologlar ko'rkem so'zdin' quri'li'si' menen qa'siyetin tallawdi' maqset yetkenligi belgili. Sonli'qtan filosofiya menen filologiyani'n' ramkasi'nda si'nni'n' da'slepki ni'shani' yamasa baslamasi'n ko'riwge bolatug'i'n yedi.

Filologlar konkret ma'seleni-tekstlerdi tallaw u'stinde qalay jazi'w yamasa qalayi'nsha jazbaw kerek yekenligine de na'zer awdaradi'. Wo'z miynetlerin maqtawg'a qurg'an Aristarx, yamasa jamanlawg'a negizlegen Xoil si'yaqli' grek filologlari'ni'n' pikirleri sol si'patta boladi'. Al, usi' filologlardi'n' tallaw usi'li' ha'zirgi bizin' da'wirimizde yekinshi da'rejeli si'patqa iye»-dep ko'rsetedi.

«A'debiy si'n» termininin' mazmuni' bir qatar tu'sidirme so'zliklerde ani'q, qi'sqa ha'm i'qsham yetip berilgen. Bul tu'sindirme so'zliklerde «A'debiy si'n» haqqi'nda, «bahalaw, tallaw, ilimiy, a'debiy ha'm ko'rkem shi'g'armalardi' tu'sindiriw»[7] dep tu'sinik beredi. Biz bul tu'sinikke – ko'rkem shi'g'armalar haqqi'nda informaciya beriw, -depte qosi'msha qi'lmaqshi'mi'z. Sebebi, baspaso'zde ja'riyalang'an ha'r qanday a'debiy si'n materiali' wol yamasa bul ko'rkem shi'g'arma haqqi'ndag'i' qunli' informaciyani' saqlag'an boladi'.

Qaraqalpaqstan baspaso'zinde a'debiy si'n materiallari' baspaso'zdin' informaciyali'q, analitikali'q ha'm ko'rkem publicistikali'q janrlari' si'yaqli' u'lken wori'ndi' iyeleydi. Qaraqalpaqstan baspaso'zinde ja'riyalani'p ati'rg'an a'debiy si'n materiallari' wo'zinde publicistikali'q janrlardi'n' ba'rshe qa'siyetlerin ja'mlegenligin ko'remiz.

Birinshiden, baspaso'zdegi a'debiy si'nda ma'lim bir avtordi'n' ko'rkem shi'g'armasi' haqqi'nda mag'li'wmat berip, ken' ja'miyetshilikti xabardar yetedi. Ma'selen, ko'rkem do'retpenin' avtori' kim yekenligi, shi'g'arma qashan, qay

[7] Slovar` sovremennogo russkogo literaturnogo yazi'ka. – Moskva: 1996.

jerden baspadan shi'qqanli'g'i', woni'n' qi'sqasha mazmuni', janri', neshe bo'limnen ibarat yekenligi haqqi'nda ani'q mag'li'wmatlar beriledi. Mi'sal ushi'n, akademik J. Bazarbaevti'n' «Jandi' wotqa jag'armi'san'…» yamasa ju'rek tarlari', u'mit da'r'yasi'» atamasi'ndag'i' a'debiy si'ni'nda «…a'debiyat maydani'na jan'asha jelis penen kirip kelgen shayi'r, belgili ma'mleketlik isker U'bbiniyaz A'shirbekov wo'zinin' jan'a qosi'qlar toplami'n «Watan topi'rag'i'» (No'kis, «Qaraqalpaqstan» baspasi', 2010-j.) degen at penen poeziya i'qlaspentlerine inam yetti»[8]-dep U'bbiniyaz A'shirbekovtin' kim yekenligi, woni'n' jan'a qosi'qlar qanday atamada, qaysi' baspadan shi'qqanli'g'i' ha'm toplami'nni'n' mazmuni' haqqi'nda toli'q mag'li'wmat beredi.

Yekinshiden, a'debiy si'n janri'nda ko'rkem shi'g'armalar ha'r ta'repleme analiz yetiledi. Bunda ma'lim bir ko'rkem shi'g'arma tematikali'q ha'm janrli'q u'yreniledi, sali'sti'rmali' analiz yetiledi, bahalaw, tallaw, ilimiy, a'debiy ha'm ko'rkem shi'g'armalardi' tu'sindiriw usag'an analitikali'q janr elementlerin ko'riwimiz mu'mkin.

Ma'selen, Q.Jari'mbetov, Q.Worazi'mbetovlardi'n' «Si'nasan' si'ni'p ketejaq (Ha'zirgi a'debiyattani'wdag'i' ayri'm jumi'slar tuwrali')»[9] dep atalg'an a'debiy si'ni'nda a'debiyattani'wdag'i' bir qatar jumi'slar analiz yetilgen.

Ja'nede professor Q.Worazi'mbetovti'n' «Si'n du'zelmey min du'zelmeydi» atli' a'debiy si'ni'nda «A'miwda'rya» jurnali'nda wo'tken ji'li' 29 maqala ja'riyalang'an. Biraq wolardi'n' ko'pshiligi teoriyali'q maqalalar. K.Allambergenovti'n' «Biyg'a'rez yerkin hawazlar» atamasi'nda maqalalar du'rkini jurnaldi'n' 2-3-4-sanlari'nda ja'riyalandi'. Wolarda Sh.Seytov, U.Xojanazarov, T.Sa'rsenbaev, K.Ka'rimov, J.İzbasqanov, X.Dawletnazarov, Sh.Ayapov, S.İbragimov, B.Genjemuratovlar poeziyasi' boyi'nsha do'retiwshilik shtrixlar berilgen. Bul maqalalar ko'lemi boyi'nsha da wo'tken ji'li' jurnalda

---

[8] Bazarbaev J. «Jandi' wotqa jag'armi'san'…» yamasa ju'rek tarlari', u'mit da'ryasi' // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi', 2011-ji'l, 25-fevral

[9] Q.Ja'ri'mbetov, Q.Orazi'mbetovlardi'n' «Si'nasan' si'ni'p ketejaq» (Ha'zirgi a'debiyattani'wdag'i' ayri'm jumi'slar tuwrali') // «A'miwda'rya» jurnali', 2007-ji'l, 4-san.

ja'riyalang'an maqalalardi'n' ishinde atap wo'tiwge arzi'rli'q maqalalar boldi'. Sonday-aq, J.Xoshniyazovti'n' «Tastag'i' bitikler» (1-san), M.Bekbergenovani'n' «Milliy a'debiyatlar arasi'ndag'i' tipologiya mashqalasi'» (2-san), J.Qaniyazovani'n' «Sh.Seytovti'n'» «Xalkabad» roman-tetrologiyasi'nda harakter jarati'wda ko'rkem leksikani'n' a'hmiyeti» (2-san), B.Palwanovti'n' «Do'retiwshilikte publicistikali'q toplamni'n' worni'» (3-san), A.Dosi'mbetovani'n' «İ.Yusupov poeziyasi'nda intim lirika» (5-san), K.Pali'mbetovti'n' ««Alpami's» da'stani'nda Ma'stan kempir wobrazi'» (6-san) atli' maqalalari' teoriyali'q jaqtan a'dewir pisik jazi'lg'an. Maqalalardi' woqi'w arqali' bir qansha teoriyali'q mag'li'wmatlar ali'w mu'mkin. Sonni' da atap wo'tiw kerek, Jalg'as Xoshniyazov tu'rkiy xali'qlardi'n' yen' yeski jazba yesteligi bolg'an Orxon-Enesey jazi'wlari'n qaraqalpaq tiline awdari'w boyi'nsha wog'ada u'lken miynet yetken ha'm usi' jazi'wlarg'a arnalg'an sholi'w maqalasi' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyetke iye.»[10]- dep «A'miwda'rya» jurnali'nda ja'riyalang'an a'debiy si'n ha'm a'debiy teoriyali'q maqalalar analiz yetiledi.

Baspaso'zdegi a'debiy si'nni'n' bunday analitikali'q qa'siyeti haqqi'nda B.İsmaylov wo'zinin' «A'debiy si'nni'n' ha'zirgi jag'dayi'» degen maqalasi'nda: «A'debiyat shi'g'armalari'na joqari' ideyali'q ha'm ko'rkemlik talaplar da'rejesinen baha bere woti'ri'p, a'debiy processti analizlep ha'm du'zete woti'ri'p, a'debiyatti'n' xali'qli'q principin tasti'yi'qlay woti'ri'p ha'm ha'r qanday kemshiliklerdi saplasti'ri'w ushi'n gu'rese woti'ri'p, si'n a'debiyatti'n' wo'siwine u'lken ta'sir jasaydi'. Si'nni'n' bul wazi'ypani' jetkiliksiz wori'nlawi' ko'rkem a'debiyatti'n' kemshiliklerinin' de sebepshisi boladi'.»[11]-dep ko'rsetken yedi.

U'shinshiden, baspaso'zinde ja'riyalang'an a'debiy si'n materiallari'nda ko'rkem publicistikali'q janrlar topari'ni'n' feleton janri'ni'n' belgileri u'stinlik yetedi. Sebebi, baspaso'zdegi a'debiy si'nlarda ma'lim bir ko'rkem

---

[10] Worazi'mbetov Q. Si'n du'zelmey min du'zelmeydi. // «Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi', 2012- ji'l. Mart. №3 sani'.
[11] Nurmuxamedov h.t.b. Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ma'seleleri. 1-toplam. – No'kis: Qaraqalpaqstan. – B. 74.

shi’g’armani’n’ a’zzi ta’replerin, jazi’wshi’ tili ha’m stilin, uli’wma shi’g’armada jol qoyi’lg’an kemshiliklerin si’ng’a ali’w arqali’ ja’miyetshilik pikirin woyati’wg’a ha’m na’tiyjede bunday kemshiliklerdi saplasti’ri’wg’a, a’debiyatti’n’ rawajlani’wi’na unamli’ ta’sir yetiwge ha’reket yetiledi.

Ma’selen, Sh.Usnatdinovti’n’ «Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’» (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) dep atalg’an a’debiy si’n maqalasi’nda: «Bu’gingi ja’riyalani’p ati’rg’an publicistika ha’m ocherklerdin’ basi’m ko’pshiliginde bir qatar jurnalistlerimiz benen jazi’wshi’lari’mi’z materialdi’ teren’irek izertlemey, qaharmanni’n’ ku’ndelikli turmi’si’n, xarakterin toli’q u’yrenbey jazg’anli’qtan, bul janr ushi’n talap yetiletug’i’n, ko’rkemlik ha’m obraz jetispey qaladi’. Bunday waqi’tta qag’az betin tolti’ri’p, ko’lemin ko’beytiw ushi’n qaharmanni’n’ wo’mirbayani’n dizip, ag’ayni kim, tuwi’sqani’ kim, neshe ret jumi’s wo’zgertti, alg’an «Hu’rmet jarli’qlari’»ni’n’ ayi’n, ji’li’n birim-birim sanap ko’rsetip, ha’zirgi zamanni’n’ ten’ewi menen aytqanda – «Zaparojes» avtomashinasi’ni’n’ man’layi’na «Neksiya» dep jazi’p qoyg’an menen barabar.»[12]-dep gazeta-jurnallarda ja’riyalani’p ati’rg’an publicistika ha’m ocherklerdin’ avtorlari’ materialdi’ teren’irek izertlemey, qaharmanni’n’ ku’ndelikli turmi’si’n, xarakterin toli’q u’yrenbey turi’p, qurg’aq sanlardi’ dizip «ko’lemli ocherk yamasa publicistikali’q material» tayarlap ati’rg’anli’g’i’n si’ng’a aladi’.

A’debiy si’nni’n’ wazi’ypasi’ – sol da’wir ko’z-qarasi’, ja’miyetshilik pikiri menen talabi’nan kelip shi’qqan halda ko’rkem shi’g’armalardi’ bahalawdan ibarat. A’debiy si’nda ma’lim bir ko’rkem shi’g’armani’ bahalag’anda, yamasa si’ng’a alg’anda wol a’debiyat tariyxi’ ha’m teoriyasi’ni’n’, sonday-aq, wo’z waqti’ni’n’ siyasiy-ja’miyetlik, estetikali’q ha’m etikali’q normalari’ tiykari’nda pikir ju’rgizedi.

[12] Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel`

«Si’n degende, - deydi S.Axmetov wo’zinin’ «Qaraqalpaq a’debiy si’ni’» atli’ miynetinde, - biz teren’ woyli’, aytar aqi’li’ bar, a’debiyatti’ rawajlandi’ri’wg’a at sali’si’p ati’rg’an to’reli shi’g’armani’ tu’sinemiz.»[13]

Biraq, bul talaplarg’a toli’q juwap beretug’i’n «to’reli» a’debiy si’n materiallari’n tayarlaw ha’mme jurnalist-publicistlerdin’ de qoli’nan kele bermeydi. Sonli’qtan da, baspaso’zdin’ basqa janrlari’na sali’sti’rmali’ qarag’anda a’debiy si’n janri’ az ko’rinedi.

Bunday mashqala menen 1975-ji’li’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’nan shi’qqan «Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ ma’seleleri» dep atalg’an 1-toplamda G.Yesemuratovti’n’ «A’debiy si’n ha’m turmi’s talabi’» degen maqalasi’nda to’mendegishe ko’terilgen: «Si’ng’a a’hmiyet berilmey ju’rgen waqi’tta a’debiyatti’n’ janli’ processin di’qqat worayi’nan si’rtta qali’p qoydi’. Bul awhal sol jazi’wshi’lardi’n’ wo’zlerin si’ng’a a’kele basladi’. Wolar kritiklerdin’ a’debiy wo’mirge passiv qatnasqan gezinde dramaturgiya, balalar a’debiyati’, si’nda, ayi’ri’m jazi’wshi’lardi’n’ tvorchestvosi’ jo’ninde dokladlar menen ko’rindi. A’lbette, biz janrlar wortasi’na ala bag’ana qag’i’p, si’nni’n’ yesiginen tek kritikler g’ana kiriwi kerek dep ati’rg’ani’mi’z joq. Jazi’wshi’lardi’n’ qatnasqani’ paydali’. Biraq, teoriyali’q tayarli’q, teren’ bilim, qa’nigelik, praktikag’a su’yengen shi’nli’q boli’wi’ tiyis.

Bizin’ yelimizde jumi’sti’n’ barli’q tu’ri jaqsi’ qatnasti’ talap yetedi. A’debiyat si’nshi’si’ni’n’ isi de buni’ talap yetedi. Tilekke qarsi’, woni’n’ sheberligin si’nnan wo’tkeretug’i’n maydan bizde tar, az basi’ladi’. Al si’nshi’lardi’ ja’miyetshilikte ubi’ji’q qi’li’p ko’rsetetug’i’n shi’g’armalar, «qudayg’a shu’kir», shi’g’i’p turadi’. Bunday sezimler bizin’ isimizdin’ jetispewshiligi tiykari’nda tuwi’ladi’.

İlimiy-teoriyali’q wo’siwshiliktin’ tabi’slari’n barg’an sayi’n u’yrenip wo’z jumi’si’mi’zdi’n’ tiykari’n ilimiy-tvorchestvoli’q da’rejege ko’teriw bizlerden ju’da’ talap yetilip tur. Bug’an bu’gingi a’debiyattan ko’zimizdi bir yeli ayi’rmay,

---

[13] Axmedov S. Qaraqalpaq a’debiy si’ni’. – No’kis: Qaraqalpaqstan. 1993. – B.-64

woni’ su’yip, wog’an teren’ qatnas jasap barg’anda g’ana yerissek kerek. Si’n a’debiyatta qolayli’ klimat du’zetug’i’n ku’shke aynalsa, a’debiyattag’i’ hawa rayi’n waqti’nda baqlap ayti’p tursa nali’mas yedik. Soni’n’ ushi’n bu’gingi si’nnan ne ku’tiletug’i’ni’n teren’irek woylawi’mi’z, bu’gingi a’debiyattan ne ku’tetug’i’ni’mi’z ba’rha’ di’qqat worayi’mi’zda turi’wi’ lazi’m.»[14]-dep ko’rsetken yedi.

Aradan woti’z jeti ji’l wo’tken bolsa da, bul ma’sele boyi’nsha filolog-si’nshi’ ali’mlari’mi’zdi’n’ kewli tolmay ati’rg’anli’g’i’n ko’remiz. Ma’selen, professor Q.Worazi’mbetovti’n’ 2012-ji’li’ «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’nni’n’ mart sani’nda «A’debiy ji’l juwmag’i’» rubrikasi’ menen ja’riyalang’an «Si’n du’zelmey min du’zelmeydi» atli’ maqalasi’nda Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n janri’ndag’i’ materiallardi’n’ az yekenigin bildiredi.

Ma’selen, avtor maqalasi’nda: «Usi’ ma’seleni ani’qlaw ushi’n 2012-ji’lda «A’miwda’rya» jurnali’nda, «Qaraqalpaq a’debiyati’», «Yerkin Qaraqalpaqstan», «Qaraqalpaqstan jaslari’», «Ustaz joli’» gazetalari’nda ja’riyalang’an a’debiy si’n ha’m a’debiy teoriyali’q maqalalarg’a sholi’w jasamaqshi’mi’z… Usi’ basli’mlarda wo’tken ji’li’ irili-maydali’ 112 maqala ja’riyalandi’. Bul ko’pe az ba? Menin’she ko’p yemes. Wolardi’n’ basi’m ko’pshiligi jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ yubileylerine baylani’sli’ jazi’lg’an yamasa studentlerdin’, magistrlerdin’, aspirantlardi’n’ yesap ushi’n kerek bolg’anli’qtan ma’jbu’riy jazi’lg’an maqalalari’ yekenligin yesapqa alsaq bul ma’sele ja’ne de aydi’nlasadi’.»[15]-deydi.

A’lbette, bul baspaso’zde ja’riyalang’an basqa janrlar menen sali’sti’rmali’ analiz juwmag’i’ na’tiyjesinde kelingen pikirler. Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ha’r ta’repleme jetiliske, teren’ woyli’, aytar aqi’li’ bar, a’debiyatti’ rawajlandi’ri’wg’a at sali’si’p ati’rg’an to’reli ha’mde sapali’ a’debiy si’n

[14] Nurmuxamedov h.t.b. Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ ma’seleleri. 1-toplam. – No’kis: Qaraqalpaqstan. – B. 194.
[15] Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’.

materiallari’n da jiye ushi’ratami’z. Wolarda buri’ng’i’ da’wir baspaso’zdegi a’debiy si’nlari’nday subektiv pikirler yemes, al, haqi’yqi’y si’n ko’z-qaras penen ko’rkem shi’g’armalardi’n’ analizin ko’remiz.

Bul haqqi’nda B.İsmaylov «Buri’n’g’i’ ji’llardag’i’ a’debiy si’nmi’zdag’i’ bir xarakterli kemshilik-anaw ya mi’naw shi’g’arma tuwrali’ maqala, si’n ha’m bibliografiya, recenziya jazg’anda woni’ jalpaq a’debiy process penen baylani’sti’rmay so’z yetiw, shi’g’armani’n’ mazmuni’n qayta ayti’p shi’g’i’p, teoriyali’q qa’delerdin’ kriteriyasi’na tiykarlani’lmag’an turmi’s shi’nli’g’i’ menen sali’sti’ri’lmag’an, subektiv tu’sinik penen «ana jerin jaqsi’law, mi’na jeri boli’n’qi’ramaydi’» degen da’rejede bahalaw, sonli’qtan a’debiy shi’g’armag’a ayti’latug’i’n maqtawdi’n’ da, tag’i’latug’i’n ayi’pti’n’ da ushqari’ boli’p shi’g’i’wi’ yedi. Ko’p maqalalarda shi’g’armani’n’ iskusstvo do’retpesi si’pati’nda tiykarg’i’ wo’zgesheligin belgileytug’i’n si’ri’n ashi’wg’a ha’m woni’ jazi’wshi’g’a, woqi’wshi’g’a ko’rsetip beriwge jeterli kewil bo’linbeytug’i’n yedi. Obrazlar jasali’wi’, sheberlik, til si’yaqli’ ko’p g’ana tiykarg’i’ ma’seleler di’qqattan shette qali’p qoyatug’i’n yedi. «Anani’ so’z yetedi, mi’nani’ so’z yetedi, tematikasi’ aktual, ten’ewleri jan’a yamasa xali’q tilinen uqi’pli’ paydalang’an, obrazlari’ inani’mli’ shi’qqan, sheberligi jaqsi’» degen si’yaqli’ yaki bulardi’n’ qarama-qarsi’ jag’i’ ayti’lg’an ayqi’n illyustraciyasi’z, teren’ tallawsi’z sxema bahalar jiyi-jiyi usi’ni’latug’i’n yedi. Yeger bunday maqalalar a’debiyatti’n’ ayi’ri’m rawajlani’w basqi’shlari’ yamasa janrlari’ tuwrali’ jazi’lsa, wonda sol da’wirdegi yamasa janrdag’i’ a’debiyatti’n’ wo’siwin belgileytug’i’n momentler, tendenciyalar, xarakterli kemshilikler haqqi’nda ayqi’n ayti’lg’an pikirlerdin’ worni’na, ko’birek tematikalardi’n’, shi’g’armalardi’n’ dizimin woqi’w menen qanaatlani’wg’a ma’jbu’r bolatug’i’n yedik.

Bul kemshilikti du’zetiw boyi’nsha ha’zir buri’li’s bar. A’debiy si’n menen shug’i’llani’wshi’ kadrlari’mi’zdi’n’ tayarli’g’i’ni’n’ keskin jaqsi’lani’wi’, tuwi’sqan xali’qlar menen a’debiy baylani’slardi’n’ ku’sheyiwi, a’debiy si’nmi’zdi’n’ ji’ynag’an ta’jiriybesinin’ molayi’wi’ bul buri’li’sqa sebepshi boli’p

ati’r.»- dep aytqan yedi. Qaraqalpaqstan baspaso`zinde bunday ha’r jetilisken a’debiy si’n materiallari’n Q.Ja’rimbetov, Q.Worazi’mbetov, Sh.Usnatdinov, jas ali’m J. Sag’i’ydullaeva ha’m tag’i’ basqa da si’nshi’lardi’n’ do’retiwshiliginde ko’rsek boladi’.

Ma’selen, «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’ni’n’ 2012-ji’l 1-sani’nda «Woqi’di’q pikir aytami’z» rubrikasi’ asti’nda filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor Q.Worazi’mbetov ha’m filologiya ilimlerinin’ kandidati’ J. Sag’i’ydullaevalardi’n’ «Bas qaharmanni’n’ «yerlikleri» ha’m muhabbat woyi’nlari’ haqqi’nda shi’g’arma» temasi’ndag’i’ maqalasi’ ja’riyalang’an. Avtorlar bul maqalasi’nda bu’gingi do’retilip ati’rg’an shi’g’armalardi’n’ janrli’q qa’siyetlerin teoriyali’q jaqtan analiz yetip wo’z pikir ha’m bahasi’n beredi. Ma’selen maqalada: «XXI a’sirge qaraqalpaq a’debiyati’ wog’ada bay milliy miyras penen kirip keldi dep ayti’wi’mi’zg’a toli’q tiykar bar. Biraq usi’nday jetiskenlikler fondi’nda a’debiyati’mi’zda wori’n ali’p ati’rg’an kemshiliklerge ko’z jumi’p qarawg’a ko’nligip barati’rg’andaymi’z. Bunday «ken’piyillik» a’debiyati’mi’zg’a hesh qanday payda keltirmeytug’i’ni’n bilgen halda biz a’debiy si’ndag’i’ ha’m ayri’m shi’g’armalardag’i’ usi’nday nusqanlar haqqi’nda so’z juritiwdi maqul ko’rdik.

Son’g’i’ da’wirde a’debiyati’mi’zda ocherk-esse, povest-esse, roman-esse h.t.b usi’ si’yaqli’ qospaq janrdag’i’ jan’a do’retpeler ko’beyip barmaqta. Duri’s, a’debiyatta janrlardi’n’ diffuziyalasi’wi’ (aralasi’wi’) unamli’ qubi’li’s. Bunday qubi’li’slardi’ wori’s, ukrain, wo’zbek, qazaq a’debiyatlari’nda da ko’riwge boladi’. Demek, bu’gingi qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ da du’nyali’q a’debiy rawajlani’wg’a qosi’li’wg’a ha’reket yetip ati’rg’anli’g’i’n quwandi’rarli’ jag’day si’pati’nda bahalasaq boladi’.

Biraq son’g’i’ waqi’tlari’ ayri’m qa’lem iyeleri, ha’tteki qa’nige jazi’wshi’lari’mi’z da bul qospaq janrlardi’n’ qa’siytlerin duri’s tu’sinbey, wo’zlerinin’ jekke wo’mirbayani’na tiyisli ayri’m momentlerdi usi’ aralas janrlardi’n’ «ja’rdeminde» sa’wlelendiriwge ha’reket yetpekte. Ma’selen,

«A’miwda’rya» jurnali’nda novella janri’ni’n’ sheberi A. Sultanovti’n’ «Muhabbat ma’writleri» (2010.№4, №5) dep atalg’an do’retpesi ja’riyalandi’.

Avtor wog’an janrli’q jaqtan «esse-povest» dep atama qoyg’an. Bul do’retpede jazi’wshi’ni’n’ wo’zi bas qaharman si’pati’nda qatnasi’p, wonda avtordi’n’ wo’zinin’ jasli’q ji’llari’nda basi’nan keshirgen waqi’yalari’ sa’wlelengen. Bizin’she, bul do’retpe essenin’ de, povestin’ de talaplari’na juwap bermeydi. Esse janri’ avtordi’n’ wo’z pikirlerin, woylari’n ko’pshilikke ashi’qtan-ashi’q bildiriw tilegine sa’ykes keletug’i’n, qanday da ja’miyetlik ko’z qaraslarg’a qozg’aw salatug’i’n janr. Al povest ko’rkem a’debiy do’retpe boli’p, wol belgili bir bag’i’tta rawajlanatug’i’n syujet, obri’zlar sistemasi’n biriktiretug’i’n efikali’q shi’g’arma. Demek povest-esse usi’ yeki janrdi’n’ belgilerin ha’m janrli’q qa’siyetlerin wo’zinde ja’mlegen janr yekeni taqi’yi’q. Al bul do’retpe avtordi’n’ jasli’qtag’i’ ko’zsiz is-hareketlerin ashi’qtan-ashi’q bayanlawi’ ko’rkem a’debiyatti’n’ talaplari’na da, ta’rbiyali’q xarakterine de tuwra kelmeydi.

A’sirese, buni’ «Ta’rezi basi’ndag’i’ tu’n», «Tani’si’w», «G’aybana ashi’qli’q», «Qi’z ali’p qashi’w» bo’limlerindegi waqi’yalar arqali’ ko’riwimizge boladi’. Bul bo’limlerde bir qarasan’i’z avtor gruppalasi’ volgogratli’ Masha degen qi’zg’a, bir qarasan’i’z qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ fakultetinde woqi’ytug’i’n Qi’zlargu’l degen qi’zg’a «ashi’q boli’p» qaladi’, yaki, kerisinshe, woni’ ha’mme qi’zlar jaqsi’ ko’rip qala beredi, sonnan paydalani’p bul qi’zlardi’ wol basqa joralari’na hayalli’qqa ali’p qashi’p bere beredi. Ma’selen, medushilishshede woqi’ytug’i’n, woti’ri’spaqta «bir ko’riwden ashi’q boli’p qalg’an» Tamara yamasa wog’an si’rti’nan g’aybana ashi’q boli’p ju’rgen awi’llasi’ Bazargu’l waqi’yalari’n ali’p qarayi’q. Avtor bulardi’ jasli’qtag’i’ «muhabbat ma’writleri» si’pati’nda wo’zinin` tilinen bayanlaydi’. Ja’ne de «Ta’rezi basi’ndag’i’ tu’n» dep atalg’an bo’liminde qaharmanni’n’ no’ser jawi’nni’n’ asti’nda ta’rezi basi’nda gruppalasi’ Masha menen wo’tkergen tu’ndegi is-ha’reketleri jen’ilteklikten basqa na`rse yemes. Bunday primitiv su’wretlewler jazi’wshi’ni’n’ yerterekte «A’miwda’rya» jurnali’nda jariyalang’an «Jawi’nnan

son'» (1997 №12) dep atalg'an novelasi'nda da ushi'rasadi'. Biraq wonda avtor bul motivti uri's da'wirinin' ashshi' haqi'yqatli'g'i'n ashi'p beriw maqsetinde qollanadi'. Degen menen, bul bayanlawlar woqi'wshi'ni'n' qa'lbinde hesh qanday estetikali'q ta'sir woyatpaydi'. Ko'rkem a'debiyatti'n' wazi'ypasi' woqi'wshi'lardi'n' a'debiy talg'ami'n to'menletiw yemes, al woni' bari'nsha joqarlati'w, wolardi' ko'rkem wo'ner du'nyasi'na i'nti'q yetiw! Solay yeken, avtorlari'mi'z turmi's haqi'ykatli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wda (meyli wol wo'mirbayanli'q harakterge iye bolsa da) ko'rkem wo'nerdin' basli' wazi'ypalari'n (ko'rkem obri'z jarati'w, estetikali'q ta'sir qaldi'ri'w, ta'rbiya beriw si'yaqli' ma'selelerdi) umi'tpawi' tiyis.»[16]- dep «A'miwda'rya» jurnali'nda ja'riyalang'an A. Sultanovti'n' «Muhabbat ma'writleri» atamasi'ndag'i' do'retpesin janrli'q ha'm ta'rbiyali'q a'hmiyeti jag'i'nan teren' analiz yetip si'ng'a aladi'.

Solay yetip, Qaraqalpaqstan baspaso'zinde ja'riyalang'an a'debiy si'n materiallari' arqali' a'debiy si'n menen a'debiyattani'w iliminin' masshtabi'ni'n' ken'eygenligin, woni'n' teoriyali'q sapasi'ni'n' sezilerli da'rejede jaqsi'lani'p, iri-iri a'debiy si'nli'q miynetlerdin' do'regenligin qanaatlani'wshi'li'q penen belgilep wo'tiwimiz kerek.

## 1.2. Qaraqalpaqstan baspaso'zinde a'debiy si'n materiallari'ni'n' tutqan worni'

G'a'rezsizlik da'wiri Qaraqalpaqstan baspaso'zinde a'debiy si'n bag'dari'nda bir qatar materiallar ja'riyalang'an. Bul materiallardi'n' avtorlar klassifikaciyasi'na itibar beretug'i'n bolsaq, wolardi'n' tiykari'n a'debiyatshi' ali'mlar, jurnalist-publicistler, filosof ha'm tariyxshi' ali'mlar quraydi'. Atap

[16] Worazi'mbetov Q., Sagi'ydullaeva J. Bas qaharmanni'n' «yerlikleri» ha'm muhabbat woyi'nlari' haqqi'nda shi'g'arma // «Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi'. 2012-ji'l, yanvar`. 1-san

aytqanda, Q.Jari’mbetov, Q.Worazi’mbetov, Sh.Usnatdinov, A.A’bdiev, J.Bazarbaev, Sh.Babashev, A’.Atajanov, H.Wo’temuratova, Wo.Yusupov ha’m tag’i’ basqalarda avtorlar a’debiy si’n janri’ndagi’ maqalalari’ menen baspaso’zge na’tiyjeli qatnasqan. Ma’selen, Q.Jari’mbetov, Q.Worazi’mbetovlardi’n’ «Si’nasan’ si’ni’p ketejaq (Ha’zirgi a’debiyattani’wdag’i’ ayri’m jumi’slar tuwrali’)»[17], Q. Worazi’mbetovti’n’ «Si’n du’zelmey min du’zelmeydi»[18], «Tufli qayda, shash qayda?! Yamasa nama qosi’qlari’ haqqi’nda so’z»[19], «Parodiya tu’p nusqag’a mu’na’sip bolsa»[20], Q.Worazi’mbetov, J.Sag`i’ydullaevalardi’n’ «Bas qaharmanni’n’ «yerlikleri» ha’m muhabbat woyi’nlari’ haqqi’nda shi’g’arma»[21], Sh.Usnatdinovti’n’ «Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’» (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda)[22], Sh.Babashevti’n’ «Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n»[23], A’.Atajanovti’n’ «Salmaqli’ janrg’a si’n kerek»[24], A.A’bdievtin’ «Kishi janrg’a u’lken di’qqat kerek»[25], J.Bazarbaevti’n’ «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’»[26], H.Wo’temuratova, Wo. Yusupovlardi’n’ ta’repinen «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap»[27], J.Yesenovti’n’ «Teren’ tolg’ani’slardan tuwi’lg’an qosi’qlar»,[28] J.Wo’teniyazovti’n’ «Jas jurnalistlerdi ta’rbiyalaw – wazi’ypami’z»[29], S.Ja’nievtin’ «Tilimiz sonshelli jarli’ma?.. yamasa «Ag’am, apam ha’m men» ko’rsetiwinen

---

[17] Q.Ja’ri’mbetov, Q.Worazi’mbetovlardi’n’ «Si’nasan’ si’ni’p ketejaq (Ha’zirgi a’debiyattani’wdag’i’ ayri’m jumi’slar tuwrali’)» // «A’miwda’rya» jurnali’, 2007-ji’l, 4-san.

[18] Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’.

[19] Worazi’mbetov Q. Tufli qayda, shash qayda?! Yamasa nama qosi’qlari’ haqqi’nda so’z // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ 2011-ji’l 26-mart

[20] Worazi’mbetov Q. Parodiya tu’p nusqag’a mu’na’sip bolsa // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l, noyabr №11 san

[21] Worazi’mbetov Q., Sagi’ydullaeva J. Bas qaharmanni’n’ «yerlikleri» ha’m muhabbat woyi’nlari’ haqqi’nda shi’g’arma // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’. 2012-ji’l, yanvar. 1-san

[22] Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel

[23] Babashev Sh. Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n //«Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 17-aprel

[24] Atajanov A’. Salmaqli’ janrg’a si’n kerek // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l №4 san

[25] A’bdiev A. Kishi janrg’a u’lken di’qqat kerek. // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l №3 san

[26] Bazarbaev J. «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’ // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 2011-ji’l, 25-fevral

[27] Wo’temuratova H., Yusupov Wo.ta’repinen «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap» «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l, 15-mart

[28] Yesenov J. Teren’ tolg’ani’slardan tuwi’lg’an qosi’qlar // «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ 2009-ji’l №3-sani’

[29] Wo’teniyazov J. Jas jurnalistlerdi ta’rbiyalaw – wazi’ypami’z // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji’l, 2-avgust

son’ tuwi’lg’an woylar»[30] ha’m tag’i’ basqa da a’debiy si’n janri’ndag’i’ materiallardi’ ayri’qsha atap ko’rsetiw mu’mkin.

A’lbette, a’debiy si’n, a’sirese a’debiyat ilimi belgili bir waqi’t arali’g’i’ndag’i’ a’debiy turmi’s penen sheklenip qalmaydi’. Ha’zirgi a’debiy turmi’sqa belsene aralasa woti’ri’p, buri’ng’i’ do’retilgen shi’g’armalar, a’debiy miyraslar u’stindegi izertlewin qosa dawam ettiredi. Biraq, bunda da ko’zge tuti’latug’i’n bir tiykarg’i’ maqset – a’debiy processtin’ ta’jiriybelerin juwmaqlay woti’ri’p, bu’gingi a’debiy praktikag’a paydali’ ta’sir jasawdan ibarat.

A’debiy si’nni’n’ wo’zine ta’n ja’ne bir wo’zgesheligi sonda, wol ko’rkem shi’g’armalardi’ tallap, bahalaw arqali’ turmi’sqa belsindi aralasi’w mu’mkinshiligine iye boladi’, jazi’wshi’ ta’repinen do’retilgen obrazlarg’a tiykarlani’p, wo’z waqti’ni’n’ ja’miyetlik ko’z-qarasi’n, a’hmiyetli ma’selelerin wortag’a qoyadi’, waqi’t ta’repinen alg’a qoyi’lg’an talasli’ ma’selelerge belsene qatnasadi’. Solay yetip, ko’rkem shi’g’armag’a tiyisli baha bere aladi’.

Soni’n’ menen qatar, a’debiy si’n bir neshe shi’g’armalardi’, wondag’i’ ideya, obrazlardi’ qatar sali’sti’ri’p ta, sonday-aq, bir neshshe jazi’wshi’ni’n’ ha’r tu’rli janrdag’i’ shi’g’armalari’n da, ha’r tu’rli tariyxi’y da’wirdin’ do’retpelerin sali’sti’ri’p ta baha beriwi so’zsiz. Usi’ arqali’ wol buri’n ayti’lmag’an pikirdi wo’zinin’ juwmag’i’ si’pati’nda wortag’a sali’wi’ mu’mkin.

A’debiy si’n birinshi irette waqti’ni’n’ shi’g’armalari’na di’qqat awdaradi’, soni’n’ menen birge wo’tken da’wirlerdin’ a’debiy do’retpelerin de bu’gingi ku’n problemasi’na baylani’sli’ qarasti’radi’, woni’n’ do’retiwshilik principlerin tasti’yi’qlaw ushi’n gu’restin’ belsendi qurali’, ko’rkem shi’g’armalardi’ bahalawdi’n’ ha’m tallawdi’n’ usi’li’.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l 1-yanvari’nan 2011-ji’ldi’n’ 30-iyun’ aylari’ arali’g’i’ndagi’ sanlari’n birme-bir ko’zden wo’tkergenimizde «Woqi’di’q, pikir aytami’z» rubrikasi’ asti’nda to’mendegishe

[30] Ja’niev S. Tilimiz sonshelli jarli’ma?.. yamasa «Ag’am, apam ha’m men» ko’rsetiwinen son’ tuwi’lg’an woylar // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji’l, 29-oktyabr

u’sh a’debiy si’n bag’dari’ndag’i’ materialdi’n’ berilgeni ma’lim boldi’. Wolar J. Bazarbaevti’n’ «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’», H. Wo`temuratova ha’m Wo. Yusupovlar ta’repinen «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap», Sherip Babashevti’n’ «Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n» degen atamadag’i’ a’debiy si’n materiallari’.

A’lbette, alti’ ay arali’g’i’nda a’debiy si’n materiali’nan u’sh materialdi’n’ beriliwi ju’da’ az yekenligin ko’rsetedi. Yendi bul materiallardi’ analiz yetemiz.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ni’n’ ishinde poeziyali’q shi’g’armalardi’ analiz yetiwge qarati’lg’an materiallar u’lken wori’ndi’ iyeleydi. Bul tiptegi a’debiy si’n materiallari’ni’n’ kirisiw bo’liminde poeziya janri’ni’n’ tiykarg’i’ qa’siyetleri, woni’n’ insan turmi’si’ndag’i’ a’hmiyeti usag’an elementleri keltirilip wo’tiledi. Ma’selen, «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l, 25-fevral №20-sa’ni’nda akademik J. Bazarbaevti’n’ «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’» atamasi’nda maqalasi’ berilgen. Wonda U’bbiniyaz A’shirbekovti’n’ «Watan topi’rag’i’» atamasi’nda 2010-ji’li’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’nda jari’q ko’rgen jan’a qosi’qlar toplami’ haqqi’nda pikir ju’ritilgen. Maqalani’n’ kirisiw bo’liminde: «Poeziya – bul filosofiya, filosofiyadag’i’ adam qatnaslari’, insanni’n’ aqi’l-woyi’ni’n’ jari’si’, qa’sterli paziyletlerin si’rtqa shi’g’ari’p, adamgershilikke baslaytug’i’n ilahi’y ku’sh. Wondag’i’ si’yqi’rli’ qosi’qlar wo’mirge, Watang’a, su’ygen yarg’a, perzentlerge degen muhabbat tuyg’i’lari’ insanni’n’ shu’kirshiligine, quwani’shi’na, maqtani’shi’na ma’det ha’m quwat»[31] -dep poeziyani’n’ insan wo’mirindegi tutqan worni’n, woni’n’ uli’wmalaq qa’siyetlerin ko’rsetedi.

Son’ «Mine, usi’ poeziya si’rlari’n teren’ tu’sinip, woni’n’ ulli’ wazi’ypalari’n wori’nlawg’a wo’z u’lesin qosi’w niyeti menen a’debiyat maydani’na jan’asha jelis penen kirip kelgen shayi’r, belgili ma’mleketlik isker

[31] Bazarbaev J. «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’ // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 2011-ji’l, 25-fevral

U'bbiniyaz A'shirbekov wo'zinin' jan'a qosi'qlar toplami'n «Watan topi'rag'i'» (No'kis, «Qaraqalpaqstan» baspasi', 2010-j.) degen at penen poeziya i'qlaspentlerine inam yetti»[32] -dep maqalani'n' tiykarg'i' bo'limine wo'tedi.

J. Bazarbaev maqalasi'nda U'bbiniyaz A'shirbekovti'n' «Watan topi'rag'i'» atli' toplami'n analiz yetiwdi woni'n' poeziya a'lemine kirip keliwindegi woylari'n ko'rsetip beriwden baslaydi'. Ma'selen, «Wol poeziya maydani'na kiriwge ta'wekel yeterdegi woylari'nda, buri'n wo'tken shayi'rlardan hesh na'rse qalmag'an si'yaqli' ko'ringeni menen, jan'a zaman, jan'a du'nya, taza pikirlerge tiykarlang'an, jang'a jag'i'mli', da'rtke dawa qosi'qlardi'n' payda bola beretug'i'nli'g'i'na isenip, bi'lay dep jazadi':

«Woy jiberip qarasam,
Bala bar ma ji'lamag'an.
Bir bolsa da ta'rbiyasi',
Minezleri usamag'an.
Tap sonday-aq qosi'q degen,
Temasi' bir bolg'an menen,
Jazg'an shayi'r bolsa sheshen,
Woy-pikirdi jan'alag'an.» (63-bet).

Ha'r bir zaman poeziyasi'ni'n' wo'zine i'layi'q namasi', wo'zine i'layi'q hawazi' bar. Adam balasi'ni'n' pu'tkil tariyx boyi'nsha alg'a wo'rlep rawajlani'wi' qanshama ti'ni'msi'z ju'retug'i'n process bolsa, ko'rkem obraz ju'yesi menen woylaw, du'nyani' obraz benen tani'p ha'mde bayanlawda toqtawsi'z rawajlani'p, jan'alani'p, jaqsi'lani'p kiyati'rg'an qubi'li's. Ja'miyetlik sanani'n' bir formasi' bolg'an ko'rkem a'debiyat qaysi' a'sirde bolsa da, sol zamandag'i' adamlardi'n' bir-birine degen qatnasi'n, woy-wo'lshewin, du'nyag'a tani'mi'n bayi'tqan. Jaqsi' qosi'q adam wo'mirinin' arqawi' boladi', insan sol qosi'qlardi'n' ku'shi menen jasaydi'. Wolarda zaman na'pesin, insanni'n' mun'i',

[32] Bazarbaev J. «Jandi' wotqa jag'armi'san'…» yamasa ju'rek tarlari', u'mit da'ryasi' // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi', 2011-ji'l, 25-fevral

ishki woy sezimi, arzi’w a’rmani’, quwani’sh-maqtani’shi’ sa’wlelenedi. Lekin geypara qosi’qlar adamda woy, sezim woyatpaytug’i’n jen’il pikirlerden turg’anli’qtan insan balasi’ni’n’ kewil-qa’lbin qozg’amaydi’. Buni’ duri’s tu’singen shayi’r:

«Qosi’q bolsa ma’nisi pa’s,

So’zler tuqi’l, mazmun na’ka’s,

Shi’g’i’ndi’day, qalg’an patas,

Hesh kim woqi’p qaramag’an» (64-bet) -dep bul ma’selede wo’zinin’ wo’lshemin usi’nadi’»[33] -dep avtordi’n’ qosi’q jazi’wdag’i’ wo’zine ta’n wo’zgeshe wo’lshemi bar yekenligi ha’mde wo’z du’nya qarasi’nan kelip shi’qqan halda sol wo’lshem boyi’nsha kitaptag’i’ qolg’a kirgizilgen tabi’slari’ ayri’qsha, basqalarg’a uqsamaytug’i’n ta’repleri menen aji’rali’p turatug’i’nli’g’i’n atap ko’rsetedi.

Maqalada shayi’r shi’g’armalari’nda mo’ldir muhabbat tek su’ygen perishtesine g’ana yemes, soni’n’ menen qatar yelge, jerge, ta’biyatqa qatnasi’nda da ko’rinetug’i’nli’g’i’, woni’n’ «Assalam, janajan tuwi’lg’an yelim», «Taxtako’pir», «Qaraqalpaqstan», «Toran’g’i’l», «Qara teren’ tolqi’nlari’» ha’m tag’i’ basqa da qosi’qlari’ arqali’ asa ko’terin’kilik penen su’wretlengenligine baha beriledi. «Ma’selen, wol «Assalam, janajan tuwi’lg’an yelim» degen qosi’g’i’nda:-dep to’mendegishe qosi’q qatarlari’n keltiredi,- Qoni’si’n’ qutli’ dur, ken’ jaylaw dala,

Woypati’n’ gulshanday, i’rg’alg’an lala,

Juldi’zg’a jarasqan belli Bes qala,

Bayrag’i’n’ yosh berer kewlime menin’» (47-bet) -dep ji’rlaydi’.»[34]

Maqala avtori’ J.Bazarbaev shayi’rdi’n’ «Watan topi’rag’i’» atli’ bul qosi’qlar toplami’ tiykari’nan milliy ideya tiykari’nda na’r ali’p, yelimizde

---

[33] Bazarbaev J. «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’ // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 2011-ji’l, 25-fevral

[34] Bazarbaev J. «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’ // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 2011-ji’l, 25-fevral

g’a’rezsizlikti bekkemlewde, xali’qlar arali’q dosli’g’i’n qa’sterlewde woqi’wshi’lardi’n’ ju’regine jol tabari’ so’zsiz dep maqalag’a juwmaq jasaydi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde nama qosi’qlari’nada arnalg’an a’debiy si’n materiallari’nda ushi’rati’wi’mi’z mu’mkin. Ma’selen, «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ 2011-ji’l 26-mart №38-sani’nda «Woqi’wshi’ woy saladi’» rubrikasi’nda Q.Worazi’mbetovti’n’ «Tufli qayda, shash qayda?! Yamasa nama qosi’qlari’ haqqi’nda so’z» atli’ maqalasi’ nama qosi’qlari’n analiz yetiwge bag’i’shlang’an. Wonda qosi’q tekstinin’ atqari’li’w processinde birqansha natuwri’ wo’zgerislerge jol qoyi’lg’anli’g’i’ si’ng’a ali’nadi’. Pikirimiz da’lili ushi’n maqaladan u’zindi keltirip wo’temiz:

«Jaqi’nda Qaraqalpaqstan televidenesinde «Ayqulaq» bag’darlamasi’ndag’i’ «Bir shi’g’arma tariyxi’» rubrikasi’ndag’i’ ko’rsetiwde jurnalist Alti’ngu’l Wo’teniyazovani’n’ sorawlari’na juwap berip woti’rg’an talantli’ qosi’qshi’ Da’libay Ma’mbetimuratovti’n’ so’zlerin di’qqat penen ti’n’ladi’m. Wo`ytkeni, bul intervyude qosi’qshi’ repertuari’nan wori’n alg’an bir qosi’qti’n’ do’reliw tariyxi’ haqqi’nda so’z barar ha’m wol a’debiyattani’w ilimi ko’z qarasi’n da, iskusstvo ko’z qarasi’nnan da a’hmiyetli yedi. Qosi’qshi’ qosi’q tekstin qalay tan’lag’ani’n, wog’an nama do’retken kompozitor menen qalay isleskenin ju’da’ qi’zi’qli’ yetip ayti’p berer yedi. Qalaberse qosi’q teksti İbrayi’m Yusupovqa tiyisli yeken.

Uzi’n so’zdin’ qi’sqasi’-intervyu bari’si’nda Da’libay qosi’q tekstinin’ bir so’zine wo’zgeris kirgizgenin, wo’ytkeni, qosi’qtag’i’ «Tufliyin’di si’ypadi’m a’ste» degen qatardag’i’ «tufliy» so’zi atqarg’an waqi’tta hesh ju’rekke si’ymadi’ (atqari’wshi’ni’n’, a’lbette – Wo.Q)dep da’lilledi. Son’ woni’ «Shashlari’n’di’ si’ypadi’m a’ste» dep wo’zgertip jiberdim ha’m buni’ avtorg’a bati’na almay tarti’na-tarti’na zorg’a aytti’m, sonda İbrayi’m ag’a «A’y, wo’zin’ de shayi’r jigisen’ - aw» dep marapatladi’. «A’ne sonnan son’ bari’p jelkemnen taw awdari’li’p tu’skendey boldi’»- dedi. Qosi’q teksti mag’anda tani’s yedi, biraq woni’n’ namag’a tu’skennen keyingi halati’na wonsheli itibar bermegen yekenbiz. İbrayi’m ag’ani’n’ qosi’q tekstine wo’zgeris kirgiziwdin’ ne za’ru’rligi boli’p

qaldi’ yeken dep woylani’p woti’rsam, Da’libaydi’n’ bir sha’kirti usi’ qosi’qti’ atqari’p shi’qti’.

Woti’rdi’m men yen’keyip pa’ske,
Aytar so’zimnen de adasi’p,
Shashlari’n’di’ si’ypadi’m a’ste,
« Ah, qanday tur, dep jarasi’p»

Ma’sele yendi aydi’nlasti’. Tufliydi shashqa wo’zgertkende jibergen. Qosi’qtag’i’ lirikali’q qaharmanni’n’ halati’na (ne ushi’n wol shashti’ yemes, tufliydi si’ypadi’?), so’zlerdin’ logikali’q baylani’si’na (yen`keyip woti’rg’an adam qalay wo’zinin’ aldi’nda woti’rg’an adamni’n’ shashi’n si’ypay aladi’?), wobrazli’qqa da (lirikali’q qaharman muhabbat aldi’nda sonshelli muptala, wol suli’w qi’zdi’n’ tufliyin si’ypalaw arqali’ wo’z muhabbati’na bolg’an seziminin’ ti’ni’q, hadal yekenin ko’rsetip beredi) itibar bermesten wo’zgertken de jibergen, bolmasa tufliy qayda shash qayda?!

Woqi’wshi’larg’a tu’sinikli boli’w ushi’n qosi’q tekstin toli’q keltireyik:

Qi’zi’l ko’ylek qi’nap denen’di,
Qa’ddi boylari’n’a jarasi’p,
Kirip keldin’, jani’m, sen yendi,
Men woti’rg’an yesikti ashi’p.
Ko’z benen ko’z ayti’si’p jumbaq,
Biraz waqi’t turdi’q qarasi’p,
Pu’tkil du’nya su’ysinip sol waq,
Diydari’n’a bolg’anday ashi’q.
Su’ysem dedim ali’p qushaqqa,
La’blerin’e la’bimdi basi’p,
Ko’z qarasi’n’ suwi’p biraqta,
Albi’radi’m aqi’ldan sasi’p.
Woti’rdi’m men yen’keyip pa’ske,
Aytar so’zimnen de adasi’p,

Tufliyin’di si’ypadi’m a’ste,

«Ah, qanday tur,- dep jarasi’p»…

Muhabbat aldi’nda a’zzi seziw yamasa woni’ ju’da’ uli’g’law du’nya klassiklerinin’ ha’mmesinde de gezlesedi. Ma’selen, belgili Shi’g’i’s klassigi Xafi’z suli’wdi’n’ ju’zindegi qali’ ushi’n Buxara, Samarqandti’ berip jiberedi. Ulli’ Nawayi’ muhabbat aldi’nda shax ta, gedey de birdey woti’ri’p, qi’yali’ndag’i’ go’zzaldi’n’ muhabbati’ ushi’n «iyt boli’p u’riwge»de qayi’l yekenin aytadi’. Du’nya klassiklerinin’ biri A.S.Pushkin bolsa ten’iz jag’asi’nda turg’an go’zzaldi’ su’wretley woti’ri’p, woni’n’ ayag’i’n su’yip qayti’p turg’an tolqi’n bolg’i’si’ keletug’i’ni’n aytadi’. Wo`zimizdin’ A’jiniyaz shayi’r bolsa Bozatawli’ na’zelimnin’ ka’pir ko’zleri «Biyshara Ziywardi’ dinnen bezdirer» dep keltiredi. Solay yeken, yeger qosi’qta ayti’lg’an pikirlerdi tuwri’dan-tuwri’ tu’singenimizde shayi’rdi’n’ wo’zinin’ pikiri-zikirin biylegen go’zzaldi’n’ tufliyin si’ypalawi’ ha’m woni’n’ suli’w ayag’i’na bul tufliydin’ sonday jarasi’p turg’ani’n ayti’p maqtawi’ ta’biyiy hal yedi. Ko’rkem-shi’g’armada, a’sirse, poeziyali’q shi’g’armalarda, obrazli’q degen bar. Bunda pikirdin’ arti’nda jasi’ri’ni’p jati’rg’an pikirdin’ de bar yekenin biliwimiz tiyis. Usi’ ko’z qarastan qarag’ani’mi’zda joqari’dag’i’ qosi’qtan ja’nnet analardi’n’ ayag’i’ asti’nda, su’yisken ju’rekler ushi’n su’yiklisinin’ basqan ayaq izleri de suli’w ko’rinedi si’yaqli’ uli’wma pikirlerdi de, qatti’ su’ygen su’yiklisinin’ suli’wli’g’i’ aldi’nda albi’rag’an jigittin’ halati’n da ko’riwimizge boladi’.

Qosi’q 4 ba’ntten 62 so’zden ibarat. Usi’ 62 so’zdin’ bir so’zin-aq almasti’ri’wdi’n’ wo’zi qosi’qqa u’lken zi’yani’n tiygizetug’i’ni’n ko’rip wo’ttik. A’lbette, bul İbrayi’m ag’a qusag’an klassik shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’na tiyisli. Wo’ytkeni, bul qosi’qlar woqi’wshi’si’na yaki ti’n’lawshi’si’na jetemen degenshe shayi’rdi’n’ do’retiwshilik labarotoriyasi’nda bir neshe ma’rte qayta islenedi. Shayi’r shi’g’armalari’nda so’zlerdin’ qa’lipten shi’qqan gerbishtey tegis, sheber ustani’n’ qoli’nan shi’qqan diywalday yesilip ketkeninin’ ma’nisi de

usi’nday. Sonli’qtan da woni’n’ tekstine wo’zgeris kirgiziwge hesh kimnin’ haqi’si’ joq.

Ga’p nama qosi’qlari’ni’n’ teksti haqqi’nda barar yeken, qosi’qshi’ ta’repinen tekstti buzi’p aytulatug’i’n yamasa namag’a natuwri’ qosi’q teksti tan’lanatug’i’ni’ da tilekke qarsi’ ko’p ushi’rasadi’. Ha’zir ha’r qi’yli’ jo’nelistegi estrada qosi’qshi’lari’ ko’beyip, wolardi’n’ qosi’qlari’nda so’z ne haqqi’nda barati’rg’ani’n, ha’tteki, qosi’q qaysi’ tilde yekenin de ayi’ri’w qi’yi’n. Sonli’qtan da wolar so’z yetiwge de turmaydi’.

Wo’zlerinin’ talanti’ menen ko’pshilikke tani’li’p u’lgergen, xalqi’mi’z aldi’nda a’dewir xi’zmet islep u’lken abrayg’a iye bolg’an ayi’ri’m qosi’qshi’lari’mi’z repertuari’nda da usi’nday qosi’qlar ushi’rasatug’i’ni’ wo’kinishli, a’lbette. Maqset Wo’temuratov xalqi’mi’zdi’n’ su’yikli qosi’qshi’, wol wog’ada bay repertuarg’a iye. Wo’zi u’stinde ko’p isleydi. Tilekke qarsi’, Maqsettin’ repertuari’nda da usi’nday qosi’qlari’ bar. Ma’selen qosi’qshi’ni’n’ Aqman’g’i’t haqqi’ndag’i’ qosi’g’i’nda «Qorasi’nda jeti tu’lik mali’ bar» degen qatar bar. Jeti degen san jaqsi’, a’lbette. Wol ko’p jerde qollani’ladi’, biraq woni’n’ da qollani’li’w wori’ni’ bar. Xalqi’mi’zda to’rt tu’lik mal (qaramal, ji’lqi’, tu’ye) degen tu’sinik bar. Woni’ basqasha wo’zgertiw «Qami’rdan qi’l suwi’rg’anday» degen frazologizmdi «Qami’rdan tayaq suwi’rg’anday» dep wo’zgertiw menen barabar. Qosi’qshi’ yekinshi bir qosi’g’i’nda «Ne bir du’rkin qi’zlar wo’ter basi’mnan» dep ayti’p turadi’. Haw, qi’zlar qalayi’nsha jigittin’ basi’nan wo’tedi, wolar tusi’nan wo’tiwi mu`mkin. Bul boyi’nsha da «Bir jigittin’ tusi’nan jeti du’rkin qi’z wo’tedi» degen frazologizm bar. A’lbette, bularda tek qosi’qshi’ni’ ayi’plamaqshi’ yemespiz. Wog’an usi’nday tekst jazi’p berilgen boli’wi’ mu’mkin. Biraq, qosi’qshi’ wo’zi atqarg’an qosi’qti’n’ tek namasi’n yemes, woni’n’ ha’r bir so’zine de ju’regi arqali’ wo’tkerip wolardi’n’ ma’nisine itibar beriwi tiyis yemespe? Wo’ytkeni, qosi’q ti’n’lawshi’ni’n’ qa’lbine tek namasi’ menen yemes, al, so’zleri menen de jay aladi’.

Biz D.Ma’mbetmuratovti’ ta, M.Wo’temuratovti’ da hu’rmet yetemiz. Wolardi’ xalqi’mi’z jaqsi’ ko’redi, wolar usi’g’an i’layi’q talant iyeleri. Biraq qosi’q namasi’, tekstti qosi’qshi’ dawsi’na mas tu’sip tursa, qosi’q tekstti mu’ltiksiz bolsa bir-birine qup jarasar edi. Biz buni’ ba’rshe qosi’qshi’lari’mi’zg’a sabaq bosi’n degen niyette qulaq-qag’i’s yetip woti’rmi’z.»[35]- dep qosi’qlardi’ teoriyali’q jaqtan analiz yetedi.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l, 15-mart sani’nda A’jiniyaz ati’ndag’i’ NMPİ oqi’ti’wshi’lari’ H. Wo’temuratova ha’m Wo. Yusupovlar ta’repinen «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap» dep atalg’an a’debiy si’n berilgen. Wonda tiykari’nan Kamal Pali’mbetovti’n’ «Qorqi’t ata kitabi’» ha’m «Qaraqalpaq da’stanlari’» degen kitabi’na a’debiy baha berilgen. K. Pali’mbetovti’n’ bul kitabi’nda Qorqi’t ata ha’m woni’n’ a’debiy miyrasi’ haqqi’nda sonday-aq, woni’n’ qaraqalpaq da’stanlari’ menen baylani’si’ ma’selesine arnalg’an.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2012-ji’l 17-aprel №47-sani’nda «Woqi’di’q, pikir aytami’z» rubrikasi’nda ja’riyalang’an Wo’zbekstan Jurnalistler do’retiwshilik awqami’ ag’zasi’, professor Sherip Babashevti’n’ «Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n» atli’ si’n maqalasi’nda jazi’wshi’ Ken’es Smamutovti’n’ 2011-ji’li’ «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ birinshi, yekinshi sanlari’nda «Sizlerge ayti’p ketpekshimen» atli’ roman essesinde jazi’wshi’, sovetlik totalitar du’zimde yelimizde bolg’an waqi’yalarg’a baha beriwge ha’reket yetkenligin, lekin avtor sol da’wirdin’ a’jayi’p tulg’alari’n tiykarsi’z ayi’plap ko’rsetiwlerin si’ng’a ali’p tariyxshi’ si’pati’nda, tariyxi’y izertlewleri tiykari’nda wo’zinin’ teren’ mazmunli’ ha’m faktlerge su’yengen pikirlerin bayan yetedi.

Avtor bul maqalasi’nda sanawli’ wo’mirin wo’z xalqi’na xi’zmet yetiwge bag’i’shlag’an a’jayi’p insan zuli’mli’q du’ziminde haqi’yqatli’qti’, a’dillikti, ni’zamli’li’qti’ wornati’w ushi’n jani’n pida’ yetip gu’resken, a’dilsizliktin’

[35] Worazi’mbetov Q. Tufli qayda, shash qayda?! Yamasa nama qosi’qlari’ haqqi’nda so’z // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ 2011-ji’l 26-mart

qurbani’ bolg’an Bekshan Babajanovti’ jurnal woqi’wshi’lari’na qanxor yetip natuwri’ ko’rsetkenligin aytadi’. Ma’selen, maqalada: «Avtordi’n’ aytqani’nday sol ji’llarda Nasi’rulla biydin’ urpaqlari’ basi’nan qayg’i’li’ ku’nlerdi keshirdi. Sonli’qtan, wolardi’ jaqsi’ tu’siniwge boladi’. Degen menen, jazi’wshi’ shi’g’armasi’nda ayi’ri’m biygu’na shaxslardi’n’ xi’zmetlerin burmalap tiykarsi’z ayi’plawlari’ insaptan yemes. Roman-essede: «Tariyxtan xabari’ bar qaraqalpaqti’n’ barli’g’i’ Junaydxandi’ biledi. Mine, usi’ Junaydxanni’n’ piri Atajan iyshan u’lken ulama menin’ atam Nuri’lla biydin’ kewli jaqi’n biradari’ yeken. İyshanni’n’ jalg’i’z balasi’ Abdiraman maqsi’m bolsa Nasrulla biydin’ genje uli’ Xakimnin’ qurdasi’ni’n’ kewli jaqi’n qi’yametlik dosti’ bolg’an (18-19 bet). Biraq, qi’zi’l gvardiyashi’ Bekchan Babajanov tek Atajan iyshanni’n’ balasi’ bolg’ani’ ushi’n Abdiraman maqsi’mdi’ Xazarasp qalasi’nda qolg’a tu’sirip iytshelli ko’rmey ati’p ati’p taslag`an (20 bet)»[36] -dep tariyxi’y mi’sallardi’ keltirip wo’tkenligin jazadi’.

Usi’ jerde avtor K. Smamutov B. Babajanovti’ tiykarsi’z ayi’plap, jala jawi’p ati’rg’anli’g’i’n sovetlik zuli’mli’q ji’llarda sudti’n’, «u’shlik»tin’ «A’skeriy kollegiya»si’ni’n’ «A’skeriy tribunal»di’n’ qarari’, xu’kimsiz hesh bir ayi’pker ati’lmag’anli’g’i’ni’n’ ani’q yekenligin atap wo’tedi.

Ja’ne de avtor maqalasi’nda: «Shi’g’armani’n’ avtori’ sovetlik da’wirdin’ azabi’n tartqanlardi’n’ biri B. Babajanov tuwrali’ menin’ 2007-ji’li’ 30-avgustta «G’a’rezsizlik ha’m ni’zam» gazetasi’nda ja’riyalang’an «Biygu’na jazalang’an chekist» atli’ maqalamdi’ woqi’g’anda wog’an joqari’dag’i’ ayi’plardi’ keltirmegen bolar yedi.

Sanali’ wo’mirin wo’z xalqi’na xi’zmet yetiwge bag’i’shlag’an a’jayi’p insan Bekchan Babajanov zuli’mli’q du’zimde haqi’yqatli’qti’, a’dillikti, ni’zamshi’li’qti’ wornati’w ushi’n jani’n pida’ yetip gu’resse de wol a’dilsizliktin’ qurbani’ boli’p, u’sh ma’rte biygu’na qamaqqa ali’ni’p, tu’rme azabi’n basi’nan

[36] Babashev Sh. Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n //«Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 17-aprel

keshirip, tek 1967-ji’li’ aqlani’p, partiya qatari’na qayta tiklenedi. A’dalat aqi’r i’yag’i’nda qarar tapqannan keyin aradan 40 ji’l wo’tken son’ jazi’wshi’ Ken’es Smamutovti’n’ haqi’yqatli’qti’ burmalap Bekchan Babajanovti’ jurnal woqi’wshi’lari’na qanxor yetip bayanlawi’na ne dew mu’mkin?!»[37] -dep K. Smamutovti’n’ «Sizlerge ayti’p ketpekshimen» atamasi’ndag’i’ maqalada tariyxi’y faktler toli’q u’yrenilmey, tiykarsi’z mag’li’wmatlar berilgenligin si’ng’a aladi’.

B. Babajanovti’n’ xali’q ushi’n islegen iygilikli isleri woni’n’ xi’zmetleri haqqi’nda bunnan basqa da bir qatar mi’sallardi’ keltirip wo’tken.

Tariyx ha’m tariyx ji’lnamalari’nda jazi’lg’an mag’li’wmatlarg’a su’yenip Bekchan Babajanovti’n’ awi’r awhalg’a asharshi’li’qqa ushi’rag’an xalqi’n qoli’nan kelgenshe ja’rdem qoli’n sozg’an a’jayi’p insanlardi’n’ ati’n, tariyxi’y tulg’alardi’n’ abi’rayi’n to’giwge hesh kim haqli’ yemes, degen juwmaqqa keledi.

Maqalada avtor tariyx penen a’debiyat bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenin, usi’ taraw wa’killeri bilip-bilmey, izertlew ju’rgizbey, ani’q faktlerge su’yenbey jaza berse tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’n duri’s bahalawda woqi’wshi’lar auditoriyasi’n aljasti’ri’w mu’mkinligin si’ng’a aladi’. Qullasi’, bul maqalani’ jazi’wdan maqset – tariyxi’y haqi’yqatli’qtan kelip shi’g’i’p, jazi’wshi’lardi’n’ da, jurnalistlerdin’ de do’retiwshilik jumi’slari’nda ani’qli’qti’ da’lillewge iytermelew ha’m ja’rdemlesiwden ibarat yekenligin ko’riwimizge boladi’.

«Ko’rkem a’debiyatta ko’rkem publicistika ha’m ocherkti keleshekte tuwi’latug’i’n u’lken epikali’q shi’g’armalardi’n’ jarshi’si’ yamasa qaraqulag’i’ dep ataydi’»[38]. Biraq publicistikali’q shi’g’armalarda faktler, jurnalistlik tekseriwler ha’m izertlewler u’lken wori’n tutadi’. Belgili ali’m Muxtar Xudaykulov wo’zinin’ jurnalistika fakulteti bakalabr ha’m magistrlerge arnalg’an «Jurnalistika ha’m publitcistika» dep atalg’an woqi’w qollanbasi’nda:

[37] Babashev Sh. Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n //«Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 17-aprel

[38] Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel

«Publicistika turmi'stag'i' fakt ha'm waqi'yalardi' sa'wlelendiriw, wolardi' izertlew, mazmuni'n, ishki ni'zamli'g'i'n ashi'wda paydalani'ladi'. Sol sebepli ha'r qanday publicistikali'q do'retpede ma'lim da'rejede ja'miyetlik-siyasiy, ekonomikali'q, ilimiy izertlew boladi'. Soni'n' menen birge, publitcistika du'nyani' biliw ha'm sa'wlelendiriwde tiykari'nan so'zden paydalang'anli'g'i' sebepli, wol ko'rkem a'debiyatqa jaqi'n turadi' ha'm woni'n' aji'ralmas bo'legine aylanadi'»[39] -degen ani'qlama beredi.

Demek, ha'r qanday publicistlik materialdi' tayarlag'ani'mi'zda jurnalistlik tekseriw, izertlew ha'm faktlerdi u'yreniw u'lken a'hmiyetke iye. Sonli'qtan da, professor Sherip Babashev wo'zinin' «Tariyxi'y shaxslardi'n' wo'mir tariyxi' burmalanbasi'n» atli' si'n maqalasi'nda publicistikali'q shi'g'armalardi'n' usi'nday qag'i'yda ha'm qa'siyetlerin yeskertedi.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'ni'n' 2012-ji'l 10-aprel №44- sani'nda Sharap Usnatdinovti'n' «Ko'rkem a'debiyatti'n' ji'rshi'si'» (publicistika ha'm ocherk janrlari'ni'n' bu'gingi jag'dayi' haqqi'nda) atamasi'ndag'i' a'debiy si'n maqalasi' ja'riyalang'an. Maqala avtori' Worazbay A'bdiraxmanovti'n' «Qaraqalpaq du'nyasi'», Gu'listan Matyakubovani'n' «Watan ruwxi'», Tamara Masharipovani'n' «Wo'zimdi izleymen», Yesenbay Yermanovti'n' «Da'wlet qusi'» toplamlari'na kirgen publicistika ha'm ocherklerin ha'r ta'repleme u'yrenip wo'zinin' bahali' pikirlerin bildiredi.

Avtor Wo. A'bdiraxmanov, G. Matyakubova ha'm Ye. Yermanovti'n' qa'lemine tiyisli ocherk ha'm maqalalari'nda so'z yetilgen qatarlardi' joqari' bahalap, jetiskenlik si'pati'nda ali'p qaraydi'. Ma'selen, «Wo. A'bdiraxmanov son'g'i' ji'llarda yelimizde boy tiklep ati'rg'an u'lken quri'li'slar, bu'gingi ku'ni ju'rek ha'miri menen xali'q xi'zmetinde ju'rgen pidayi'lar, Aral apatshi'li'g'i'na baylani'sli' xali'qti'n' dus kelgen qi'yi'nshi'li'qlari' menen diyxanshi'li'qtag'i'

[39] Xudaykulov M. Jurnalistika va publitsistika. – Tashkent: Universitet. 2008. – B. 11

mashqalalar haqqi'nda qa'lem terbetip kiyati'r»[40]-dep jazi'wshi'ni'n' do'retiwshiligine unamli' baha beredi.

Sh.Usnatdinov maqalasi'nda: «Publitcistika ha'm ocherk janri'nda wo'zinshellik qol tan'basi' bar jurnalist si'pati'nda tani'li'p kiyati'rg'an Tamara Masharipova wo'z shi'g'armalari'nda shi'n ju'rekliligi, waqi'yalardi' bati'l, ashi'q aydi'n su'wretlewi qaharman psixologiyasi'n diologlar, wolardi'n' ha'reketlerindegi milliyliklerin sheber su'wretlew arqali' isenimli obrazlar do'retedi. Wol qaharmanni'n' xarakterin ashi'p beretug'i'n waqi'ya, detallardi' jazi'wdan qoli' bosamaydi'»[41]-dep jazadi'.

Sonday-aq, maqalada bu'gingi ku'nde ja'riyalani'p ati'rg'an publicistika ha'm ocherklerdin' basi'm ko'pshiliginde bir qatar jurnalistler menen jazi'wshi'lar materialdi' teren'irek izertlemey, qaharmanni'n' ku'ndelikli turmi'si'n, xarakterin toli'q u'yrenbey jazg'an jazi'p ati'rg'anli'g'i', publicistikali'q shi'g'armalarda tek sanlarg'a g'ana zor berip, qaharman xarakterin ashi'wshi' belgilerdi ha'r qi'yli' usi'llar arqali' berealmay ati'rg'anli'g'i'n, bul janrlar ushi'n talap yetiletug'i'n ko'rkemlik ha'm obraz jetispey qali'p ati'rg'anli'g'i'n si'ng'a aladi'.

Avtor usi' wori'nda T.Masharipovani'n' do'retiwshiligin bunday u'stirtin bayanlawlardan, qurg'an ga'p ha'm san dizbeginen awlaq yekenligin ayta woti'ri'p, woni'n' shi'g'armasi'nda qaharman xarakteri obrazli' ashi'p beriliwin aytadi'. Maqalada: «Kelin' yendi, biz joqari'da unamli' pikirler aytqan Tamara Masharipovani'n' shi'g'armalari'nan mi'sal keltireyik. Jurnalisttin' «Kempir woqi'wshi'm» degen miynetinde, wo'zi islep ati'rg'an Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetinin' basshi'lari', si'rt yelden kelip islep atri'g'an yeki kekse hayaldi' qaraqalpaq tilinen woqi'ti'w ha'm u'yretiwdi bug'an tapsi'ri'lg'anli'g'i' so'z yetiledi.

---

[40] Usnatdinov Sh. Ko'rkem a'debiyatti'n' ji'rshi'si' (publicistika ha'm ocherk janrlari'ni'n' bu'gingi jag'dayi' haqqi'nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji'l, 10-aprel

[41] Usnatdinov Sh. Ko'rkem a'debiyatti'n' ji'rshi'si' (publicistika ha'm ocherk janrlari'ni'n' bu'gingi jag'dayi' haqqi'nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji'l, 10-aprel

- A’je, (yenemdi ko’binese usi’lay ataymi’z) azanli’-kesh adamlarg’a jo’nsiz azap beredi desem, namazli’gerde ba’rine ji’yi’p-terip Alladan keshirim sorap aladi’ yekensiz-g’oy,-dedim ku’ygenimnen. Yenem ku’lip jiberdi, namaz buzi’ldi’. Bir maydan shi’yqi’ldap ku’lip aldi’ da, namazi’n qayta basladi’…

Ko’pshiligimiz qaharmanlari’mi’zdi’n’ awzi’na kerekli so’zlerdi taba almaymi’z. Woni’n’ minez-qu’lqi’n ashi’p beretug’i’n detallardi’, turmi’si’n teren’ izertlemey jazg’annan keyin, wo’tirik jasalma patriotizm ushi’n sorawlar beremiz»[42], - dep keltirip wo’tedi. Yag’ni’y qaharman menen toli’q tani’spay turi’p, wog’an arti’qsha ten’ewler berip, woqi’wshi’larda isenimsizlik payda yetetug’i’nli’g’i’n bayanlaydi’.

Sh. Usnatdinov bu’gin jurnalistler ha’m jazi’wshi’lari’mi’z ta’repinen jazi’li’p ati’rg’an ocherk ha’m publicistikali’q maqalalardi’n’ ayi’ri’mlari’ qaharmanni’n’ wo’mirbayani’n du’zip, ag’ayni kim, tuwi’sqani’ kim, neshe ret jumi’si’n wo’zgertkenligi ha’m «hu’rmet jarli’q»lari’ni’n’ sani’n dizip jazi’w menen sheklenip qali’p, wolardi’n’ pikiri ha’m mazmuni’ sayi’z boli’p ati’rg’anli’g’i’n si’ng’a aladi’.

Uli’wma aytqanda, Sh.Usnatdinovti’n’ bul a’debiy si’ni’nda bu’gingi ku’nnin’ talabi’na muwapi’q woqi’wshi’lar bizden ma’deniy, ekonomikali’q reformalari’mi’z toli’q jari’ti’lg’an, xali’qti’ ruwxlandi’ri’wshi’ publicistikali’q shi’g’armalardi’ ku’tip ati’rg’anli’g’i’n aytadi’.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l iyun ayi’nan dekabr ayi’na shekem bolg’an arali’qtag’i’ baspadan shi’qqan sanlari’n izertlew dawami’nda a’debiyat boyi’nsha berilgen materiallardan to’mendegileri menen tani’si’p shi’qti’q. Bul kvartalda tu’rli mazmundag’i’ baspadan shi’qqan kitaplarg’a pikir ha’m bahalar berilgen. Ma’selen, «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l, 9-avgust №95 sani’nda «Woqi’di’q pikir aytami’z» rubrikasi’nda filosofiya ilimler kandidati’ S.Abaev ha’m filosofiya ilimler kandidati’ Qaraqalpaqstan xali’q

[42] Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel

mug'allimi M.Yakubovti'n' birgelikte jazi'lg'an akademik J.Bazarbaevti'n' «Milley ideya jol ko'rsetiwshi juldi'z» atli' miynetine bahali' pikirlerin berilgen.

Tiykari'nan bul maqala menen tani'sar yekenbiz akademik J.Bazarbaevti'n' kirisiw, jeti bo'lim ha'm juwmaqtan turi'wshi' u'lken miynetke ju'da' ken' ha'm sheber si'n material jazi'lg'anli'g'i'ni'n' guwasi' boli'wi' mu'mkin. Maqalada beriliwinshe akademiktin' bul kitabi' bu'gingi ku'nde milliy idiyalogiyani' u'yreniwshilerge wolardi'n' turmi's penen baylani'si'n teren' biliwge qi'zi'g'i'wshi'larg'a bahali' qollanba.

Kitapti'n' birinshi bo'limindegi «filosofiya ha'm ha'zirgi da'wir ha'm insanni'n' shaxsli'qqa wo'rlew filosofiyasi'» atli' maqalalarda ha'zirgi da'wir filosofiyasi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheligi, filosofiya iliminde woylawdi'n' ro'li, woylaw danali'qti'n' substansiya yekenligi, Prezidentimiz İ.Karimovti'n' miynetleri, ataqli' filosoflardi'n' woy-pikirleri arqali' tali'qlang'an.

Sonday-aq, bul bo'limde adam filosofiyasi'ni'n' a'debiyatta sa'wleleniwi ataqli' shayi'ri'mi'z İ.Yusupov poeziyasi' berilgen. Qaraqalpaq da'stanlari'ni'n' ruwxi'y filosofiyali'q idiyalar menen toli'p tasi'p turg'anli'g'i' ku'ta' isenimli da'lillep ko'rsetilgen.

Yekinshi «Yaranlar bir so'zdi aytayi'n sizge» dep atalg'an bo'liminde ko'rkem shi'g'armalardi'n' filosofiyali'q negizleri tuwrali' teren' pikir ju'ritiledi. Sonday-aq, usi' bo'limde ko'rmes tawdi', yamasa milliy ideyag'a sadi'q bolayi'q, shi'ni'nda da Berdaq ha'm A'jiniyazlardi'n' qawmetleri qawipte me? Qaraqalpaq A'debiyati'ni'n' tariyxi' qayta jazi'li'wi' za'ru'r atli' maqalalari' da tariyxi'mi'zg'a ma'nawiyati'mi'zg'a, a'debiyati'mi'zg'a tiyisli materiallar da berilgen.

Kitapti'n' jetinshi bo'liminde ha'zirgi g'a'rezsizlik da'wirinde jemisli do'retiwshilik penen shug'i'llani'p ati'rg'an qa'lem iyeleri A.Sultanov, M. Ni'zanov, G.Esemuratova, G.Matyakubova, G.Da'wletovalardi'n' do'retiwshiligindegi filosofiyali'q woy-pikir estitikali'q go'zzalli'q talg'amlari' teren' ilimiylik ha'm bilimdanli'q penen bayanlanadi'.

Uli’wma alg’anda akademik J.Bazarbaevti’n’ bul miyneti avtordi’n’ ko’p ji’llar dawami’ndag’i’ ilimiy filosofiyali’q izertlewlerinin’, turmi’s ta’jiriybesinin’ uli’wmalasqan juwmaqlar shi’g’ari’wi’ni’n’ na’tiyjesi. Bul kitapti’n’ jari’qqa shi’g’i’wi’ respublikami’zdi’n’ ma’nawiy-ma’deniy turmi’si’ndag’i’ waqi’yalardi’n’ biri yekenligi so’zsiz. Bul ken’ ko’lemde jazi’lg’an si’n materiali’n woqi’p shi’g’i’p ken’ ko’lemli miyneti haqqi’nda woqi’wshi’ uli’wma tu’sinikke iye boli’wi’na ja’rdem beredi.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l, 18-avgust №99 sani’nda «Woqi’di’q pikir aytami’z» rubrikasi’nda ali’m jurnalist M.İbragimovani’n’ «Ten’iz haqqi’nda kitap» temasi’nda belgili ali’m texnika ilimler doktori’ Qaraqalpaqstan filiyali’ direktori’ Ye.Qurbanbaev ha’m usi’ filaldi’n’ ilimiy xi’zmetkerleri Wo.Artikov ha’m S.Qurbanbaevlardi’n’ jaqi’nda Qaraqalpakstan baspasi’nan «Aral ten’izi ha’m Worayli’q Aziya» respublikalari’ni’n’ suw xojali’g’i’ boyi’nsha siyasati’» atli’ kitap jari’q ko’rgen kitap haqqi’nda recenziya jazi’lg’an. Kitapda du’nyali’q masshtabda suw resurslari’ ha’m wonnan wo’nimli paydalani’w ma’seleleri menen shug’i’llanatug’i’n sho’lkemler (VVS, GVP, İUVR), wolardi’n’ aldi’na qoyg’an tiykarg’i’ ha’m maqset wazi’ypalari’ haqqi’nda ken’ mag’lumatlar berilgen.

Avtorlar ten’iz suwi’ni’n’ qa’ddi ba’rha’ma A’miwdarya ha’m Si’rdaryadan kelip tu’setug’i’n suw mug’dari’na ha’m i’qli’m sharayatlari’na baylani’sli’ bolatug’i’nli’g’i’n da’lilleydi. «Aral ten’izi A’miwdarya ha’m Si’rdarya deltasi’n gidrologiyali’q rejiminin’ wo’zgerisi» bo’liminde ko’p ji’lli’q ilimiy mag’lumatlarg’a tiykarlani’p, 1780-2010ji’llar arali’g’i’nda ten’iz rejiminin’ wo’zgeriwin u’sh da’wirge bo’ledi. Ten’izdin’ ta’biyiy qa’liplesiw da’wiri (1780-1960) ten’iz suwi’ni’n’ garizotini’n’ intensiv pa’seywi da’wiri (1960-1987) ha’m ten’izdin’ yekige bo’liniwi (u’lken Aral ha’m kishi Aral ten’izler 1987-2010). Avtorlar sonday-aq ko’p sandag’i’ ilimiy mag’lumatlarg’a tiykarlani’p Aral ten’izinin’ suwi’ni’n’ quri’wi’na baylani’sli’ A’miwdaryani’n’ to’mengi

aymaqlari’nda payda bolg’an ekologiyali’q ha’m sociyal-ekanomiyali’q jag’daylarg’a baha beredi.

Juwmaqlap aytqanda bul ilimiy monograpiyadan ilimiy izertlew jumi’slari’n ali’p bari’wshi’lar ha’m joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ studentleri ushi’n woqi’w qollanbasi’retinde paydalani’wg’a boladi’. Tiykari’nan gazetani’n’ usi’ sani’nda Qaraqalpaqstan respublikasi’na miyneti singen ma’deniyat xi’zmetkeri jazi’wshi’ ha’m dilmash T.Najimovti’n’ bilim baspasi’nan jarq ko’rgen da’wir apsanasi’ kitabi’ ha’m D.Belasarovti’n’ Xo’jeli dep atalg’an Qaraqalpaqstan baspasi’nan basi’li’p shi’qqan kitaplarg’a kitap jan’ali’g’i’ rubrikasi’nda recenziyalar berilgen.

«Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’ni’n’ 2012-ji’l №4 sani’nda A’bdimurat Atajanovti’n’ «Salmaqli’ janrg’a si’n kerek» atli’ si’n maqalasi’ ja’riyalang’an . Wonda bu’gingi gazeta-jurnallari’mi’zda jari’q ko’rgen roman janri’ haqqi’nda wo’z pikirin bildirgen.

A’debiy ji’l juwmag’i’ yesabi’nda berilgen bul maqala a’debiyati’mi’zdi’n’ iri janrlari’ni’n’ biri roman janri’ haqqi’nda wo’zinin’ si’n pikirleri a’debiyati’mi’zdi’n’ aktual temasi’na quralg’an. Ma’selen maqalada: «Nelikten de roman janri’ni’n’ ta’biyattan awlaq, talabi’na juwap bermeytug’i’n roman maqalalarg’a si’nshi’lar jigerli, wo’tkir, qara qi’ldi’ qaq jarg’an, kewil qali’spadan qori’qpag’an a’dil, duri’s ha’m paydali’ pikir bildirmeydi. Usi’ ti’m-ti’ri’sli’q, usi’ nemquraydi’li’q, kewilge tiymew, qarsi’lasti’ ko’beytpeyme degen paydasi’z jaramsi’z biyimlesiw, jortag’a kelisimpazli’q a’debiyatti’n’ rawajlani’wi’na u’lken zi’yan beredi. Jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiligin wo’sirmeydi»[43] -dep roman janri’ talabi’na juwap bermeytug’i’n bazi’ bir «roman»larg’a si’n pikirler bildirilmey kiyati’rg’anli’g’i’n ku’yinip aytadi’. Ko’rkem A’debiyattag’i’ bunday nuqsanlar wo’z waqti’nda si’nshi’lar ta’repinen du’zetilip, si’ng’a ali’ni’p barmasa a’debiyatti’n’ rawajlani’wi’na u’lken ziyan keltiretug’i’ni’n aytadi’. Haqi’yqati’nda da avtor kemshiliklerdi si’ng’a alg’an.

[43] Atajanov A’. Salmaqli’ janrg’a si’n kerek // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l №4 san

Maqaladag'i' «Wo'ytkeni son'g'i' waqi'tta roman-essede pat qoyi'p, qali'n'-qali'n' kitapti' jazatug'i'nlardi'n' qatari' ko'beyse ko'beydi, sira azaymaydi'» degen ga'plerine qosi'lami'z. Sebebi avtor aytqani'nday bu'gingi «ma'limleme a'sirinde ilim bilimnin' joqari' rawajlang'an da'wirinde teren' filosofiyag'a iye yemes, tiykarsi'z romandi' woqi'maydi'». Uli'wmalasti'ri'p aytqanda, maqalada avtor roman janri'ni'n' talabi'na juwap bermeytug'i'n bir neshe romanlardag'i' ayi'ri'm waqi'yalarg'a wo'zinin' si'n pikirlerin bildiredi.

Maqala son'i'nda bolsa, «angilichan jazi'wshi'si' Djon Golsuorsidin' «Forsaytlar» haqqi'nda sag'a (bizin'she da'stan atli' romannan ibarat) shi'g'armasi'n do'retip, woqi'wshi'lar jaqsi' qabi'lag'annan keyin «Bul (sag'asi') meni ma'n'gilik jag'asi'na jetkeretug'i'n pasporti'm» depti isenimnin' minarasi'na ko'terilip» -degen qatarlari' menen juwmaqlaydi'. Demek, jazi'wshi'ni'n' shi'g'armasi' woni' ma'n'gilik jag'asi'na jetkeretug'i'n tiykar si'pati'nda xi'zmet yetetug'i'n da'rejede boli'wi' kerek, ha'r bir jazi'wshi'-publicist wo'z shi'g'armasi' haqqi'nda usi'nday isenimde boli'wi' kerek degen pikirdi ilgeri su'redi.

Qaraqalpaq a'debiyati' gazetasi'ni'n' 2012-ji'l №3 sani'nda Allanazar A'bdievtin' «Kishi janrg'a u'lken di'qqat kerek» maqalasi' jari'q ko'rgen. A'debiy ji'l juwmaqlari' boyi'nsha do'relgen bul a'debiy si'n baspaso'zide ja'riyalang'an barli'q gu'rrin' janrdag'i' shi'g'armalardi' sholi'wg'a qarati'lg'an. Maqalada baspaso'z betlerinen wori'n alg'an gu'rrin'lerdi birme-bir u'yrene woti'ri'p, «redakciyalardi'n' gu'rrin' degenine isener bolsaq, wo'tken ji'l qi'ri'qtan aslami' ja'riyalang'an yeken»[44]- degen faktti keltiredi. Avtordi'n' «redakciyalardi'n' gu'rrin' degenine isener bolsaq» degen isenimsizlik penen ayti'lg'an pikirinen ko'rinip turg'ani'nday ayri'm gazetalarda gu'rrin'nin' janr talaplari'na juwap bermeytug'i'n materiallardi'n' «Gu'rrin'» dep beriliwlerine maqalada si'n ko'z-qarasi'n bildiredi.

---

[44] A'bdiev A. Kishi janrg'a u'lken di'qqat kerek. // «Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi', 2012-ji'l №3 san

Avtor jazi’wshi’ A’bdimurat Atajanovti’n’ «Qol juwg’i’shti’ i’laqti’raman» gu’rrin’inde ko’terilgen mashqala, ayti’lajaq ideya negizinde yetedi. Biraq avtordi’n’ gu’rrin’ yetip bergeni woqi’wshi’larg’a aytpaqshi’ ideyasi’ni’n’ ta’sirliligin ku’sheytiw maqsetinde ko’rkem gu’rrin’ formasi’nda jazi’lg’an, degen juwmag’i’ menen birge gu’rrin’nin’ a’hmiyeti haqqi’nda bahali’ pikirlerin bildirgen.

Bunnan son’ maqalada A’bdimurat Atajanovti’n’ «Topi’raqqa qosi’p jelingen nan», «Quyi’q» gu’rrin’in, K.Smamutovti’n’ «Jasi’ u’lkennin’ si’yi’», M.Ni’zanovti’n’ «Ma’kemeden bir adam», J.Ko’sherovti’n’ «Ayti’lmag’an so’z» h.t.b. gu’rrin’lerin analiz yetip, gu’rrin’ talaplari’na say ko’rkem shi’g’arma si’pati’nda ko’rsetedi.

Son’i’nan ayri’m avtorlardi’n’ gu’rrin’lerine si’n pikir bildirip, bazi’ kemshiliklerin ko’rsetip wo’tedi. Ma’selen, maqalada: «Gu’lnara Sari’baevani’n’ «Pi’shaq» degen gu’rrin’ide:

-Qapa bola bermen’, Jumabay ag’a ha’mmesi jaqsi’ boli’p ketedi - dedi Azat Jumabaydi’n’ arqasi’nan qag’i’p.

Qamalayi’n dep turg’an adamg’a sonday basi’w ayti’la ma? A’ytewir na’rsege qapa bolg’an bolsa yeken?!»[45] -dep qaharman diologlari’ni’n’ ju’da’ a’zzi, isenimsiz, ha’tteki ku’lkili shi’qqanli’g’i’n wo’tkir si’ng’a aladi’.

Ja’ne soni’n’ menen birgelikte avtor maqalasi’nda G. Turdi’yshova qa’lemine tiyisli «Yen’ uzaq ma’nzil» shi’g’armasi’n nobella yemes gu’rrin’ degeni maqul yekinligin, S.Qazaqbaevti’n’ «Gu’na» gu’rrin’inde adam atlari’n duri’s qollanbag’ani’n ayti’p wo’tken.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda avtor maqalada baspaso’zde ja’riyalang’an gu’rrin’ janri’ndag’i’ shi’g’armalardi’ tek mazmunli’q jaqtan yemes, al wolardi’ gramatikali’q, stillik qa’telerine de teren’ itibar berip analiz yetedi. Ma’selen, ayri’m gu’rrin’lerdegi to’mendegishe qatarlardi’:

---

[45] A’bdiev A. Kishi janrg`a u`lken di’qqat kerek. // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l №3 san

«Ne qi’lari’n bilmey albi’rap da’rriw balani’ ko’terip,mashinag’a saldi’m da mashi’ndi’ xodlap bir shetke shi’g’i’p mashi’ndi’ toqqtatti’m» si’ng’a ali’p, gramatikali’q ha’m stillik qa’telerdi ko’rsetedi.

Juwmaqlap aytqanda A’.Atajanov, A.A’bdievtin’ bul si’n maqalalari’ ko’rkem shi’g’armalardi’n’ si’patli’, a’debiyattani’w iliminin’ teoriyali’q talaplari’na juwap beretug’i’n da’rejede do’retiliwine xi’zmet etedi. Soni’n’ menen birge, jas talant iyelerinin’ qa’te kemshiliklerin bilip ali’wi’na imkan jaratadi’. Wolardi’ di’qqat itibarli’, bilimli boli’wg’a shaqi’radi’. Sebebi «si’n du’zelmey min du’zelmeydi» degenindey si’n bar jerde g’ana rawajlani’w boladi’.

Bul haqqi’nda Prezidentimiz İ.A.Karimov «Kemshiliklerdi wo’tkir qa’lem menen ashi’w kerek a’sirese jeke wo’zinin` jaran’di’ ashi’p bergendey jazsan’ adamlar tu’sinedi», degenindey yel basshi’mi’z jurnalistlerge jan’a wazi’ypalardi’ belgileydi. Sebebi pikirlerdin’ plyuralizmi arqali’ G’XQ lari’ ja’miyetshilikte pikir woyata aladi’ ha’m wolardi’ ta’rbiyalay ali’w imkaniyati’na iye. A’lbette, baspaso’zde ja’riyalang’an ko’rkem-a’debiy shi’g’armalarda tap sonday qa’siyetke iye.

Uli’wma aytqanda, Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ni’n’ tutqan worni’ u’lken yekenligin ko’remiz. Sebebi wonda filolog ali’mlar, jurnalist-publicistler ko’rkem shi’g’armalardi’ ha’r ta’repleme analiz yetip, bahalaw arqali’ turmi’sqa belsendi aralasi’w mu’mkinshiligine iye boldi’. Jazi’wshi’lar ta’repinen do’retilgen wobrazlarg’a tiykarlani’p, g’a’rezsizlik da’wirinin’ ja’miyetlik ko’z-qarasi’n, a’hmiyetli ma’selelerin wortaqlasdi’. Sonday-aq, baspaso’z arqali’ a’debiyattani’w iliminin’ alg’a qoyi’lg’an talasli’ ma’selelerin analiz etiwge belsene qatnasdi’.

Solay yetip, a’debiy si’n materiallari’ menen ko’rkem shi’g’armalarg’a tiyisli woy-pikirlerin, obketiv bahasi’n bere aladi’.

# 2.BAP. BASPASO`ZİNDE JA’RİYALANG’AN A’DEBİY SIN MATERİALLARININ’ İNFORMACİYALIQ QA’SİYETİ HA’M PUBLİCİST SHEBERLİGİ MA’SELELERİ

## 1.2. Baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ni’n’ informaciyali’q qa’siyeti

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ ko’rkem shi’g’armani’ bu’gingi zaman talabi’ni’n’ tiykari’nda analiz yetedi ha’m bahalaydi’. Shi’g’armani’n’ ko’rkemligin, janrli’q qa’siyetlerin, til ha’m stillik bayli’g’i’n ha’m wo’zinsheligin ashadi’. Woni’n’ auditoriyag’a bolg’an ta’sirshen’ligin ta’miynleydi ha’m bekkemleydi. Na’tiyjede turmi’s haqi’yqatli’g’i’n seziniwge, qabi’l yetiwge ja’rdemlesedi. Bul arqali’ a’debiy si’n sol shi’g’armani’n’ ken’ ja’miyetshilikke toli’g’i’raq jetip bari’wi’n ha’mde informaciya ag’i’mi’na kiriwin ta’miynlep baradi’. Soni’n’ menen birge, ko’rkem shi’g’armag’a auditoriyani’n’ di’qqat itibari’n qarati’p, woni’n’ g’alabali’q yen jayi’li’wi’na tiykar jaratadi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalani’p ati’rg’an a’debiy si’n materiallari’ ko’rkem shi’g’armalardag’i’ a’hmiyetli ha’diyseler, waqi’yalar tallanadi’, izertlenedi, u’yreniledi ha’m si’n ko’z-qarastan baha beriledi. Baspaso’zdegi a’debiy si’n materiallari’ ko’rkem shi’g’armalardi’ si’n ko’z-qarastan u’yreniw menen bir qatarda, wolar haqqi’ndag’i’ informaciyani’ ken’ ja’miyetshilikke jetkeriw qa’siyetine de iye. İnformaciya jetkeriwdin’ bunday usi’li’ haqqi’nda rus ali’mi’ A.A.Terti’chni’y «Waqi’tli’ baspaso’z janrlari’» kitabi’nda: «Adamni’n’ du’nyada bag’dar ali’wi’, wo’zinin’ ha’r qi’yli’ talaplari’n qanaatlandi’ri’w boyi’nsha jumi’si’n a’melge asi’ri’wi’ ushi’n wog’an qanday bir qubi’li’slardi’n’ wo’mir su’riw faktin, wolardi’n’ a’hmiyetin, qunli’li’g’i’n ha’m wolardi’n’ rawajlani’w bag’darlari’n, wolardi’n’ keleshek jag’dayi’n ani’qlawg’a ja’rdem yetetug’i’n, wolardi’ «paydalani’wdi’n’» tiyisli normalari’n ha’m

usi'nday qubi'li'slar menen baylani'sli' bolg'an wo'z ha'reketlerinin' itimalli' variantlari'n (soni'n' ishinde auditoriyani'n' basqada ag'zalari' ta'repinen) belgileytug'i'n ha'r ta'repleme ma'limleme za'ru'r».[46]- dep ayri'qsha atap ko'rsetedi.

Yeger ma'lim bir ko'rkem shi'g'arma baspadan shi'g'i'p, auditoriyag'a tarqag'annan keyin si'nshi'lar ta'repinen wol haqqi'nda baspaso'zde a'debiy si'n berilse, woni'n' g'alabali'g'i' yeki yesege artadi'. Sebebi, ha'r qanday a'debiy si'n wo'zinde informaciyali'q si'patti' ja'mlegen boladi'.

Ma'selen, jurnalist Tamara Masharipovani'n' «Wo`zimdi izleymen» atli' esseler, ocherkler toplami' baspadan shi'qqannan son', ko'rnekli jurnalist Sh.Usnatdinovti'n «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda ja'riyalang'an «Ko'rkem a'debiyatti'n' ji'rshi'si'» (publicistika ha'm ocherk janrlari'ni'n' bu'gingi jag'dayi' haqqi'nda) dep atalg'an a'debiy si'ni'nan wori'n aldi'. Woni'n' bul a'debiy si'ni'nda mi'nanday qatarlar bar: «Kelin' yendi, biz joqari'da unamli' pikirler aytqan Tamara Masharipovani'n' shi'g'armalari'nan mi'sal keltireyik. Jurnalisttin' «Kempir woqi'wshi'm» degen miynetinde, wo'zi islep ati'rg'an Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetinin' basshi'lari', si'rt yelden kelip islep atri'g'an yeki kekse hayaldi' qaraqalpaq tilinen woqi'ti'w ha'm u'yretiwdi bug'an tapsi'ri'lg'anli'g'i' so'z yetiledi.

- A'je, (yenemdi ko'binese usi'lay ataymi'z) azanli'-kesh adamlarg'a jo'nsiz azap beredi desem, namazli'gerde ba'rine ji'yi'p-terip Alladan keshirim sorap aladi' yekensiz-g'oy,-dedim ku'ygenimnen. Yenem ku'lip jiberdi, namaz buzi'ldi'. Bir maydan shi'yqi'ldap ku'lip aldi' da, namazi'n qayta basladi'…[47] -dep Tamara Masharipovani'n' «Wo'zimdi izleymen» atli' esseler, ocherkler toplami'ni'n' yen' qi'zi'qli', iyge tartar jerlerinen mi'sallar keltirip, wol haqqi'nda auditoriyag'a ha'r ta'repleme informaciya beredi. Sh.Usnatdinovti'n' bul a'debiy si'ni' «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda ja'riyalang'an keyin T.Masharipovani'n'

---

[46] Terti'chni'y A.A. Janri' periodicheskoy pechati. – M.: Aspekt Press. 2002. – S. 53.
[47] Usnatdinov Sh. Ko'rkem a'debiyatti'n' ji'rshi'si' (publicistika ha'm ocherk janrlari'ni'n' bu'gingi jag'dayi' haqqi'nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji'l, 10-aprel

«Wo'zimdi izleymen»i studentler arasi'nda qolma-qol boli'p ketti. Demek bul – a'debiy si'ndag'i' informaciyali'q si'patti'n' na'tiyjesi.

Baspaso'zde ja'riyalani'li'p kiyati'rg'an a'debiy si'n materiallari'n bir neshe bag'darlarg'a bo'liw mu'mkin. Bu'gingi qaraqalpaq baspaso'zinde ja'riyalani'p ati'rg'an a'debiy si'n materiallari' janrli'q jaqtan prozali'q, poeziyali'q, publicistikali'q ha'm ilimiy-publicistikali'q bag'dardag'i' shi'g'armalardi' si'nnan wo'tkeriwge qarati'lg'an. Soni'da ayti'p wo'tiw kerek, Qaraqalpaqstan baspaso'zinin' biz u'yrengen da'wir ishinde drammali'q bag'dardag'i' shi'g'armalardi' wo'zinde ja'mlegen a'debiy si'n materiallari'n ushi'ratpadi'q. Bul da'wirdegi ja'riyalang'an a'debiy si'n janri'ndag'i' materiallardi'n' basi'm ko'pshiligi prozali'q (roman, roman-esse, povest`, gu'rrin'), poeziyali'q (qosi'q) bag'dardag'i' shi'g'armalardi' u'yreniwge bag'i'shlang'an. Sonday-aq, publicistikali'q tematika bag'dardag'i'dag'i' a'debiy si'n materiallari'di' azli'-kem ushi'rasadi'.

Atap aytqanda, Q.Jari'mbetov, Q.Worazi'mbetovlardi'n' «Si'nasan' si'ni'p ketejaq»[48], Q. Worazi'mbetovti'n' «Si'n du'zelmey min du'zelmeydi»[49], Q.Worazi'mbetov, J.Sag'i'ydullaevalardi'n' «Bas qaharmanni'n' «yerlikleri» ha'm muhabbat woyi'nlari' haqqi'nda shi'g'arma»[50], A'.Atajanovti'n' «Salmaqli' janrg'a si'n kerek»[51], A.A'bdievtin' «Kishi janrg'a u'lken di'qqat kerek»[52] ha'm tag'i' basqada prozali'q bag'dardag'i' shi'g'armalardi' u'yreniwge qarati'lg'an a'debiy si'n materiallardi' atap wo'tiwge boladi'.

Qaraqalpaqstan baspaso'zinde prozali'q janrdag'i' do'retpelerdi u'yreniwge bag'darlang'an a'debiy si'n materiallari'nda roman, povest, gu'rrin'lerdin' ko'rkemligi, tili ha'm stilik wo'zinshelligi usag'an basqada si'patlari'n ashi'p beriw menen birge, wolar haqqi'nda toli'q mag'li'wmatlardi' da berip woti'radi'.

---

[48] Q.Jari'mbetov, Q.Worazi'mbetovlardi'n' «Si'nasan' si'ni'p ketejaq // «A'miwda'rya» jurnali',

[49] Worazi'mbetov Q. Si'n du'zelmey min du'zelmeydi. // «Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi', 2012- ji'l. Mart. №3 sani'.

[50] Worazi'mbetov Q., Sagi'ydullaeva J. Bas qaharmanni'n' «yerlikleri» ha'm muhabbat woyi'nlari' haqqi'nda shi'g'arma // «Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi'. 2012-ji'l, yanvar. 1-san

[51] Atajanov A'. Salmaqli' janrg'a si'n kerek // «Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi', 2012-ji'l №4 san

[52] A'bdiev A. Kishi janrg'a u'lken di'qqat kerek. // «Qaraqalpaq a'debiyati'» gazetasi', 2012-ji'l №3 san

Bizin' pikirimizshe a'debiy si'nni'n' tematikali'q bag'dari'n tek g'ana prozali'q, poeziyali'q, publicistikali'q ha'm ilimiy-publicistikali'q bag'dardag'i' shi'g'armalar menen sheklep bolmaydi'. Bulardi'n' qatari'na baspaso'zde ja'riyalani'p ati'rg'an jurnalistlik do'repelerde (maqala, intervyu, repartaj, su'wretleme, ocherk h.t.b.) a'debiy si'nni'n' tematikali'q bag'dari'na qosi'li'wi' maqsetke muwapi'q bolar yedi. Tilekke qarsi', Qaraqalpaqstan baspaso'zinin' biz u'yrengen da'wir ishinde a'debiy si'n materiallari'ni'n' jaqori'da atap wo'tilgen tematikadag'i' materiallardi' derlik ushi'ratpadi'q. Bul bag'darda tek bir-eki a'debiy si'n materiali' ushi'rasadi'. Ma'selen, «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda berilgen J.Wo'teniyazovti'n' «Jas jurnalistlerdi ta'rbiyalaw – wazi'ypami'z»[53], S.Ja'nievtin' «Tilimiz sonshelli jarli'ma?.. yamasa «Ag'am, apam ha'm men» ko'rsetiwinen son' tuwi'lg'an woylar»[54] atli' a'debiy si'nlari' ja'riyalang'an. A'lbette, bul ju'da' az, derlik joqti'n' qasi'nda degendi an'latadi'.

Bul haqqi'nda B.İsmaylov «A'debiy si'nni'n' ha'zirgi jag'dayi' ha'm wazi'ypalari'» degen maqalasi'nda: «A'debiy si'nni'n' tu'pkilikli maqseti – ko'rkem a'debiyatti'n' joqari' ideyali'li'g'i' ha'm ko'rkemligi ushi'n gu'res bolg'anli'qtan, woni' tek a'debiyatqa arnalg'an ilimiy monografiyalar, gazeta, jurnallardag'i' maqala, recenziyalar, kitaplarg'a jazi'lg'an alg'i' ha'm son'g'i' so'zler menen sheklep qoyi'wg'a bolmaydi' dep yesaplaymi'z. Joqari'da biz a'debiy turmi'si'mi'zg'a kirip ati'r dep qanaatlani'wshi'li'q penen aytqan formalar da, jazi'wshi'lar soyuzi'nda woni'n' lekciyalari'nda, seminarlarda, ilimiy ma'kemeler menen baspa so'z wori'nlari'nda wo'tkeriletug'i'n dodalawlar da, ishki recenziyalar da, ko'rkem shi'g'armalardi' yamasa a'debiy-si'nli'q miynetlerdi basi'p shi'g'ari'wg'a, redaktorlawg'a qoyi'latug'i'n talapshan'li'q ta – bizin'she a'debiyat si'ni'ni'n' aldi'na qoyi'lg'an wazi'ypani' tabi'sli' sheshiwdin' za'ru'rli sha'rtleri boli'p yesaplanadi'.»[55]- dep ko'rsetken yedi.

---

[53] Wo'teniyazov J. Jas jurnalistlerdi ta'rbiyalaw – wazi'ypami'z // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji'l, 2-avgust

[54] Ja'niev S. Tilimiz sonshelli jarli'ma?.. yamasa «Ag'am, apam ha'm men» ko'rsetiwinen son' tuwi'lg'an woylar // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji'l, 29-oktyabr

[55] Nurmuxamedov h.t.b. Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ma'seleleri. 1-toplam. – No'kis: Qaraqalpaqstan. – B. 188.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an poeziyali’q shi’g’armalardi’ u’yreniwshi a’debiy si’n materiallar arqali’da auditoriya jan’a qosi’qlar, wolardi’n’ avtorlari’, tematikasi’, ko’rkemlik da’rejesi boyi’nsha informaciya ali’wi’ mu’mkin. Bul tiptegi a’debiy si’n materiallari’ qatari’nda J.Bazarbaevti’n’ «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’»[56], Q. Worazi’mbetovti’n’ «Parodiya tu’p nusqag’a mu’na’sip bolsa»[57], J.Yesenovti’n’ «Teren’ tolg’ani’slardan tuwi’lg’an qosi’qlar»[58] ha’m tag’i’ basqa da a’debiy si’n janri’ndag’i’ materiallardi’ ayri’qsha atap ko’rsetiw mu’mkin. Avtorlar bul a’debiy si’n materiallari’nda ko’rkem shi’g’armalardi’ analiz yetip, wolarg’a baha beriw arqali’ auditoriyani’ sol shi’g’arma haqqi’ndag’i’ informaciya menen de ta’miyinlep baradi’.

Bunday maqsetke bag’darlang’an, bahalawlar ha’mde usi’ni’s si’pati’ndag’i’ informaciya haqqi’nda A.A.Terti’chniy wo’zinin’ «Ku’ndelikli baspaso’z janrlari’» atli’ woqi’w qollanbasi’nda: «İnformaciyani’n’ ha’r ta’repliligi usi’ informaciyani’n’ qandayda bir tiykarg’i’ baslang’i’sh tu’rlerin u’ylestiriw (maqsetke bag’darlang’an tu’rde, yamasa birden ku’tilmegende) na’tiyjesinde payda boladi’. Atap aytqanda, faktler (faktologiyali’q, deskriptivlik informaciya), bahalawlar (bahalaw, valyuativlik informaciya), normalar (normativlik ko’rsetpe informaciya), bag’darlamalar (bag’darlamali’q, usi’ni’s si’pati’ndag’i’ informaciya), na’zerde tuti’wlar (boljawli’q, itimalli’q, preventivlik informaciya) tu’rinde payda boladi’.»[59] -dep atap wo’tken yedi.

Maqsetke bag’darlang’an, bahalawlar ha’mde usi’ni’s si’pati’ndag’i’ informaciyalardi’ Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’nda da ko’riwimiz mu’mkin. Ma’selen, «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ 2009-ji’l №3-sani’nda «A’debiy si’n» rubrikasi’ asti’nda Jani’zaq Yesenovti’n’

---

[56] Bazarbaev J. «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’ // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 2011-ji’l, 25-fevral

[57] Worazi’mbetov Q. Parodiya tu’p nusqag’a mu’na’sip bolsa // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l, noyabr №11 san

[58] Yesenov J. Teren’ tolg’ani’slardan tuwi’lg’an qosi’qlar // «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ 2009-ji’l №3-sani’

[59] Terti’chni’y A.A. Janri’ periodicheskoy pechati. – M.: Aspekt Press. 2002.

«Teren’ tolg’ani’slardan tuwi’lg’an qosi’qlar» atamasi’ndag’i’ maqalasi’ basi’p shi’g’ari’lg’an. Maqalada tiykari’nda yelimizge belgili ja’miyetlik ha’m ma’mleketlik g’ayratker S. Niyetullaevti’n’ do’retiwshiligi haqqi’nda toli’q mag’li’wmat beriledi. Maqalada: «Woni’n’ usi’ ku’nge shekem 30 dan aslam poetikali’q toplami’ menen qosi’qlari’ baspaso’z betlerinde jari’q ko’rgen yedi. Ayri’qsha atap wo’tetug’i’n jeri qa’lem iyesinin’ do’retpelerinin’ sani’ yemes, al woni’n’ a’debiy estetikali’q, poetikali’q jaqtan ali’p qarag’anda ko’rkemlik sheberligi ha’m jan’ashi’lli’qqa di’qqatti’ qarati’wi’ bahali’»[60] -dep shayi’r qosi’qlari’nan u’zindi keltirip ja’miyetshilikke S. Niyetullaevti’n’ do’retiwshiligin tani’sti’radi’ ha’m wol haqqi’nda informaciya beriwdi dawam yetedi.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an publicistikali’q ha’m ilimiy-publicistikali’q bag’dardag’i’ shi’g’armalardi’ si’ng’a ali’wshi’ a’debiy si’n materiallari’da da informaciyali’q si’patti’ ko’riwimiz mu’mkin. Bul bag’darda baspaso’zde ja’riyalang’an Sh.Usnatdinovti’n’ «Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’» (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda)[61], Sh.Babashevti’n’ «Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n»[62], H.Wo’temuratova, Wo. Yusupovlardi’n’ ta’repinen «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap»[63], J.Wo’teniyazovti’n’ «Jas jurnalistlerdi ta’rbiyalaw – wazi’ypami’z»[64], S.Ja’nievtin’ «Tilimiz sonshelli jarli’ma?.. yamasa «Ag’am, apam ha’m men» ko’rsetiwinen son’ tuwi’lg’an woylar»[65] degen atamadag’i’ a’debiy si’n materiallari’n atap wo’tiw wori’nli’.

Sh.Babashevti’n’ «Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n» atli’ si’n maqalasi’nda: «Jazi’wshi’ Ken’es Smamutovti’n’ 2011-ji’li’

[60] Yesenov J. Teren’ tolg’ani’slardan tuwi’lg’an qosi’qlar // «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ 2009-ji’l №3-sani’
[61] Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel
[62] Babashev Sh. Tariyxi’y shaxslardi’n wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n //«Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 17-aprel
[63] Wo’temuratova H., Yusupov Wo.ta’repinen «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap» «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l, 15-mart
[64] Wo’teniyazov J. Jas jurnalistlerdi ta’rbiyalaw – wazi’ypami’z // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji’l, 2-avgust
[65] Ja’niev S. Tilimiz sonshelli jarli’ma?.. yamasa «Ag’am, apam ha’m men» ko’rsetiwinen son’ tuwi’lg’an woylar // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji’l, 29-oktyabr

«A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ birinshi, yekinshi sanlari’nda «Sizlerge ayti’p ketpekshimen» atli’ roman essesinnin’ ja’riyalang’ani’na biraz waqi’t boldi’» -dep K.Smamutovti’n’ «Sizlerge ayti’p ketpekshimen» atli’ roman-essesinin’ qashan, qay jerde ja’riyalang’anli’g’i’nan derek beredi. Avtor bul a’debiy si’ni’nda K.Smamutovti’n’ roman-essesin si’ng’a ali’w menen birge, ayi’ri’m tariyxi’y shaxslardi’n’ xali’q turmi’si’n jaqsi’law joli’ndag’i’ xi’zmetleri haqqi’nda ani’q mag’li’wmatlardi’ beredi. Ma’selen, avtor maqalasi’nda: «Bilip-bilmey usi’ qatarlardi’n’ avtori’, hu’rmetli jazi’wshi’mi’z Qaraqalpaqstan tariyxi’nda belgili worni’ bar Xalmurat bay Qurbanov, Shi’ni’qul bay Xalekeevler ha’m tag’i’ basqalardi’n’ insani’yli’q xi’zmetlerin xalqi’mi’z yelege shekem tilge ali’p ju’rgenin bilmese wog’an ne dersen`? 2003-ji’li’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’nan jari’q ko’rgen «Qaraqalpaqstanni’n’ jan’a tariyxi’» kitabi’nda «1911-ji’li’ asharshi’li’q baslang’anda ashli’qta qalg’an xali’qqa ma’mleket ta’repinen ja’rdemnin’ bolmag’anli’g’i’n yesapqa ali’p, mu’mkinshiligi bar jergilikli bay adamlar basqa jaqlardan Qaraqalpaqstang’a da’n ha’m un ali’p kelip xojali’qlarg’a tarqatqan. Wolardi’n’ ishinde Xalmurat Qurbanov, Shi’ni’qul Xalekeev ha’m basqa da iri sawdagerler si’rttan a’kelingen g’a’lle ha’m unlari’n xali’qqa qari’zg’a berip ashi’rqag’anlarg’a ja’rdem qoli’n sozi’p, u’lken sawapli’ is isledi. Xalmurat bay Qurbanov ko’p diyqanlarg’a bergen qari’zlari’n qaytari’p almag’an»(104-bet) dep jazadi’.»[66] -dep bug’an qosi’msha basqada tariyxshi’ ali’mlardi’n’ materiallari’nan da mi’sallar keltirip mag’li’wmatlardi’ toli’qti’ri’p, faktologiyali’q informaciyalardan wo’nimli paydalanadi’.

Solay yetip, Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’nda informaciyali’q si’patti’n’ maqsetke bag’darlang’an, faktologiyali’q, usi’ni’s si’pati’ndag’i’ informaciyalardi’ ko’riwimiz mu’mkin. Baspaso’zdegi a’debiy si’n materiallari’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti qandayda bir

[66] Babashev Sh. Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n //«Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 17-aprel

shag’armani’ tallaw, tu’sindiriw ha’m bahalaw bolsa da, bul si’patlardi’ a’melge asi’ri’wda informaciyali’q qa’siyetlerden paydalanadi’.

Juwmaqlap aytqanda, a’debiy si’n ma’lim bir shi’g’armani’n’ ken’ ja’miyetshilikke toli’g’i’raq jetip bari’wi’n ha’mde informaciya ag’i’mi’na kiriwin ta’miynleydi. Soni’n’ menen birge, ko’rkem shi’g’armag’a auditoriyani’n’ di’qqat itibari’n qati’p, woni’n’ g’alabali’q yen jayi’li’wi’na tiykar jaratadi’.

## 2.2. A’debiy si’n materiallari’n tayarlawda publicist sheberligi

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’n woqi’p u’yrengenimizde ha’r bir publicisttin’ wo’zine ta’n stili, tili, waqi’yali’qti’ tallaw ha’m faktlerdi analiz yetiw sheberligi bar yekenliginin’ guwasi’ boldi’q. Publicist sheberligi degenimizde birinshi gezekte woni’n’ til normalari’nan wori’nli’ paydalana biliw uqi’bi’, stillik wo’zinshelligi, materialdi’n’ kompoziciyali’q strukturasi’n i’qsham du’ze ali’w sheberligi tu’siniledi. Bul ha’r bir publicisttin’ bilim da’rejesi, woylaw qa’bileti ha’m woni’n’ du’nyag’a ko’z-qarasi’nan kelip shi’g’atug’i’n process. Sonli’qtan da, ha’r bir publicisttin’ sheberligi ha’r qi’yli’ elementleri menen belgilenedi.

A’lbette, a’debiy si’n materialli’n tayarlaw ba’rshe jazi’wshi’-publicist yamasa jurnalist qoli’nan ten’dey kele bermeydi. Bul u’lken ta’jiriybeni ha’m bilimdi talap yetedi. Si’nshi’ shi’g’arma avtori’nan uzag’i’raqti’ ko’re ali’wi’, teren’irek pikirley biliwi lazi’m. Sebebi? wol sol shi’g’armag’a baha beriwshi yesaplanadi’. Si’nshi’ haqqi’nda S.Axmetov wo’zinin’ «Qaraqalpaq a’debiy si’ni’» dep atalg’an kitabi’nda: «A’debiy kritik – so’z zergeri yesaplanadi’, wol da jazi’wshi’ si’yaqli’ tvorchestvoli’q xi’zmettin’ aktiv wa’kili. Sonli’qtan jazi’wshi’g’a, ko’rkem tilge baylani’sli’ qanday talap ju’klense, bul si’ng’a da tiyis. Tildin’ wo’tkirligi, ani’qli’g’i’-obrazli’li’g’i’ a’debiy si’nni’n’ tiykarg’i’

si’pati’ boli’wi’ kerek.»[67] -dep ko’rsetken yedi. A’lbette, so’zge sheshenlik ha’m bilimlilik si’nshi’ni’n` tiykarg`i’ qa’siyetlerinen biri yesaplanadi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ tilinin’ wo’tkirligi, ani’qli’g’i’, faktlerden na’tiyjeli paydalana ali’w sheberligi ha’m stillik wo’zgesheligi menen Q.Jari’mbetov, Q.Worazi’mbetovlardi’n’ «Si’nasan’ si’ni’p ketejaq »[68], Q. Worazi’mbetovti’n’ «Si’n du’zelmey min du’zelmeydi»[69], «Parodiya tu’p nusqag’a mu’na’sip bolsa»[70], Q.Worazi’mbetov, J.Sag’i’ydullaevalardi’n’ «Bas qaharmanni’n’ «yerlikleri» ha’m muhabbat woyi’nlari’ haqqi’nda shi’g’arma»[71], Sh.Usnatdinovti’n’ «Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’» (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda)[72] degen atamadag’i’ maqalalari’ aji’rali’p turadi’.

Yendi joqari’da atap ko’rsetken a’debiy si’nlardi’ analiz yetip, wolardan mi’sallar keltirip wo’temiz.

«Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’nda «A’debiy ji’l juwmag’i’» rubrikasi’ menen filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor Quwani’shbay Worazi’mbetovti’n’ «Si’n du’zelmey min du’zelmeydi» atli’ maqalasi’ ja’riyalang’an. Avtor bul maqalasi’nda Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n ha’m a’debiy teoriyali’q maqalalardi’ ha’r ta’repleme sheberlik penen u’yrenip, bahali’ pikirlerin bildiredi.

Bul a’debiy si’n avtori’ ko’rnekli ali’m bolg’anli’qtan wol ilimiy til, akedemiyali’q stil ha’m faktler analizinen ko’birek paydalang’an. Ma’selen, avtor maqalasi’nda: ««Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’nda wo’tken ji’li’ 34 a’debiy maqala ja’riyalandi’. Wolar – a’debiy teoriyali’q, si’n maqalalar. A’debiy

---

[67] Axmedov S. Qaraqalpaq a’debiy si’ni’. – No`kis: Qaraqalpaqstan. 1993. – B.-66
[68] Q.Jari’mbetov, Q.Worazi’mbetovlardi’n’ «Si’nasan’ si’ni’p ketejaq // «A’miwda’rya» jurnali’,
[69] Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’.
[70] Worazi’mbetov Q. Parodiya tu’p nusqag’a mu’na’sip bolsa // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l, noyabr №11 san
[71] Worazi’mbetov Q., Sagi’ydullaeva J. Bas qaharmanni’n’ «yerlikleri» ha’m muhabbat woyi’nlari’ haqqi’nda shi’g’arma // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’. 2012-ji’l, yanvar. 1-san
[72] Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel

sa’wbetler. Wolardi’n’ gazetani’n’ bir neshe sanlari’nda ja’riyalang’an filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor K.Ayi’mbetovti’n’ «Qaralpaq ji’rawlari’», akademik J.Bazarbaevti’n’ «Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ tariyxi’ qayta jazi’li’wi’ kerek» (2-san), «Xali’qti’n’ alti’n g’a’ziynesi» (12-san), filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor K.Kurambaevtin’ «A’dabiyatlar dostligi-xali’qlar dostligi» ha’m basqa da maqalalardi’ ayri’qsha atap wo’tiwge boladi’. Bul maqalalar woqi’wshi’larda so’zsiz qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’ Jumanazar ag’ani’n’ maqalasi’ – si’n maqala. Wonda professor A.Paxraddinovti’n’ basshi’li’g’i’nda avtorlar ja’ma’a’ti ta’repinen do’retilgen joqari’ woqi’w wori’nlari’na arnalg’an «XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’» kitabi’na baha beredi. Kitapti’n’ unamli’ ta’replerin atap wo’tiw menen birge woni’n’ kemshiliklerin de birme-bir ko’rsetedi. Jasi’ u’lkenshilik pikirlerin aytadi’. Yen’ basli’si’, maqalada qali’s pikir ayti’lg’an.

Ja’ne bir atap wo’tetug’i’n jag’day – gazetada ja’riyalani’p ati’rg’an a’debiy ha’m a’debiy si’n maqalalar janrli’q jaqtan tu’rlenbekte. Solardi’n’ biri – a’debiy sa’wbet. Bul sa’wbettin’ yeki qatnasi’wshi’si’ da a’debiyatshi’ bolsa woni’n’ mazmunli’ shi’g’atug’i’ni’ belgili. Wo’tken ji’li’ gazetada usi’nday 4 sa’wbet sho’lkemlestirilgen. Wolar belgili jazi’wshi’ Utkir Xoshimov penen filologiya ilimlerinin’ kandidati’ D. Olimovti’n’ («Ona – mexr demak»), filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor K.Ja’rimbetov penen Qaraqalpaqstan xali’q shayi’rasi’ G.Matyakubovani’n’ («Wotli’ ju’rekten wotli’ so’z»), belgili shayi’r Usman Azim menen a’debiyatshi’ Xursandbek Tu’libaevti’n’ («Men sovallardan iborat odamman »), shayi’r S.İbgraimov penen jurnalist T.Masharipovani’n’ («İlim ha’m qa’lem du’nyasi’»), a’debiy sa’wbetleri. A’sirese, da’slepki u’sh sa’wbet ha’zirgi a’debiy process, ko’rkem a’debiyatti’n’ teoriyali’q ma’selelerine arnali’wi’ menen wo’zine tartadi’, woqi’wshi’ni’n’ bilim du’nyasi’n da, biliw du’nyasi’n da ken’eytedi. Gazetani’n’ do’retiwshilik ja’ma’a’tine bul bag’dardag’i’ islerdi ja’ne de rawajlandi’ra beriwin tileymen. Sonday-aq gazeta redakciyasi’ jas do’retiwshilerdin’ shi’g’armalari’na gazetada sholi’w jasaw, baha beriw islerin de

sho’lkemlestirmekte. Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’ J.İzbasqanov gazetani’n’ 10-sani’nda «Jas talantlar talpi’ni’si’», shayi’r X.Ayi’mbetov gazetani’n’ 4-sani’nda «So’zdin’ de sorawi’ bar», shayi’r G. Yakubov ta usi’ sanda «Yoshlar ijodiga bir nazar» atli’ sholi’w maqalalari’nda gazetag’a jas shayi’rlar ta’repinen jiberilgen, biraq ja’riyalanbag’an qosi’qlarg’a sholi’w jasaydi’. Ayri’m qosi’qlardan mi’sal keltirip wolrag’a baha beredi. Jas shayi’rlarg’a jol-joba ko’rsetedi, kemshilikleri, jetiskenlikleri jo’ninde aytadi’. A’ne, usi’nday ta’jiriybeni de dawam yetiriw kerek. Wo’ytkeni, jas shayi’rlar wo’zlerinin’ ismin gazetada woqi’sa, shi’g’armalari’ jo’ninde qandaydur ma’slahatler alsa woni’n’ keleshek do’retiwshiligine ta’sir yeteri so’zsiz.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ a’debiyat haqqi’nda maqalalarg’a da ken’nen wori’n bermekte. Wo’tken ji’l gazetada bir qatar problemali’q maqalalar ja’riyalandi’. X.Wo’temuratov ha’m Wo.Yusupovti’n’ «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap», belgili teatr si’nshi’si’ Amaniyaz Ju’zimbetovti’n’ «Sapar Xojaniyazov ha’m qaraqalpaq teatri’», M.Ni’zanovti’n’ «Jaqsi’lardi’n’ ko’zin ko’rgen», P.Nurjanovti’n’ «Qi’yal a’lemine sharlawshi’ shayi’r» atli’ ha’m basqada maqalalardi’ gazetada ja’riyalang’an jaqsi’ a’debiy maqalalardi’n’ qatari’na jatqari’wg’a boladi’. Gazetada ko’birek recenziyali’q ha’m ayri’m do’retiwshilerdin’ yubileylerine baylani’sli’ maqalalar ja’riyalandi’. Tilekke qarsi’, bunday maqalalardi’n’ tiykarg’i’ maqseti avtorlardi’n’ shi’g’armalari’n yaki bir kitabi’n maqtawg’a bag’darlanadi’. Avtorlar wolardi’n’ nuqsanlari’n ko’rmeydi. Al ayi’ri’m maqalalarda ju’da’ u’lken at qoyi’ladi’, biraq maqalada hesh na’rse ayti’lmaydi’. Ma’selen, gazetani’n’ 8-fevral sani’nda G. İsakovani’n’ «K. Raxmanovti’n’ qaharman portretin jasaw sheberligi» degen kishkene maqalasi’ ja’riyalang’an . Bul problema bir kishkene maqala ko’leminde sheshilmeydi, al yen’ keminde kandidatli’q dissertaciyag’a obekt bola aladi’. Sonli’qtan maqalani’n’ ati’ ha’m woni’n’ ko’tergen problemasi’, problemani’n’ sheshilip beriliwi bir-biri menen say keliwi tiyis.

«Qaraqalpaqstan jaslari’» gazetasi’nda J.Bazarbaev, A.Paxratdinov, K. Allambergenov, P. Nurjanovlardi’n’ maqalalari’ ja’riyalandi’. A’sirese, professor K.Allambergenovti’n’ 21-dekabr sani’nda ja’riyalang’an «Yedigetani’wdi’n’ ha’zirgi jag’dayi’ ha’m alda turg’an wazi’ypalari’» atli’ maqalasi’n atap wo’tiw kerek. Maqala hasli’nda jurnalli’q maqala. Wonda Yedigetani’w boyi’nsha du’nya a’debiyattani’wi’nda islengen jumi’slarg’a sholi’w jasaladi’. Yedigenin’ wo’miri ha’m wol tuwrali’ jazi’lg’an ilimiy, ko’rkem shi’g’armalar boyi’nsha bahali’ mag’li’wmatlar keltiriledi.

Tilekke qarsi’, gazeta, joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey, tek maqtawg’a quri’lg’an, so’z yetiw obektin jeterli da’rejede ashi’p bere almag’an, dosti’n’ yamasa ka’siplesin kewlin ali’w ushi’n jazi’lg’an maqalalar da bar.

«Ustaz joli’» gazetasi’nda da bir qatar maqalalar ja’riyalandi’. Solardi’n’ ishinde shayi’r M.Berdievti’n’ «Do’retiwshilik zawqi’» maqalasi’n (8-oktyabr) atap wo’tiw wori’nli’. Maqalada kishkene gurren’leri, intermediyalari’ menen ko’pshilikke tani’li’p u’lgergen K. Ametovti’n’ do’retiwshiligi haqqi’nda so’z baradi’. Qazaqbay A’metov bar-jog’i’ u’sh prozali’q toplam shi’g’arg’an jazi’wshi’. Biraq avtor woni’n’ shi’g’armalari’n du’nya klassiklerinin’ shi’g’armalari’ menen sali’sti’ri’p, wolardan u’yrengen, sheberligin jetilistirip barg’ani’n isenimli da’liylleydi.

Ja’ne bir ayti’p ketetug’i’n na’rse, ayri’m avtorlar bir maqalasi’n «Qaraqalpaqstan jaslari’» gazetasi’nda ja’riyalasa, aradan belgili waqi’t wo’tkerip woni’ «Ustaz joli’n»da ja’riyalaydi’. Duri’s, maqala joqari’ talg’amda jazi’lsa usi’lay islew wori’nli’ shi’g’ar? Wonda da bunday maqalalardi’ redakciyani’n’ wo’zi izlep tawi’p ja’riyalag’ani’ maqul.

Solay yetip, wo’tken ji’li’ respublikali’q basli’mlarda ja’riyalang’an a’debiy-teoriyali’q ha’m a’debiy si’n maqalalardi’n’ uli’wma da’rejesi boyi’nsha to’mendegishe juwmaqqa keliwge boladi’.

Ko’p a’debiy maqalalar belgili bir a’debiy sa’nege, jazi’wshi’ shayi’rlardi’n’ yubileylerine, do’retiwshilerdin’ baspadan shi’qqan toplamlari’na bag’i’shlani’p

jazi’ladi’. Wolar tek maqtawg’a quri’ladi’ yamasa unamli’ ta’repleri g’ana ko’rsetiledi. Duri’s, yubileylik maqalalardi’n’ janrli’q xarakteri maqtawg’a quri’ladi’. Biraq, maqtaw argumentler, a’debiy tallawlar arqali’ a’melge asi’ri’li’wi’ tiyis. Al recenziyali’q maqalalarda tek qali’s pikirler wori’n ali’wi’ za’r’u’r.

A’debiy si’n maqalalar ju’da’ az sanda jazi’lmaqta. A’debiy si’n degende kimnin’dur shi’g’armalari’ni’n’ tek unamsi’z ta’repin ashi’p ko’rsetiw tu’sinilmeydi, a’lbette. Si’naw-minew degeni ko’rkem shi’g’armag’a qali’s baha beriw, wol haqqi’nda woqi’wshi’g’a belgili pikirlerdi payda yetiwge ja’rdemlesiwdi an’latadi’. A’debiy si’n a’debiy processtin’ tuwri’ bag’dar ali’wi’na tiykar jaratatug’i’ni’nda umi’tpawi’mi’z tiyis. Sonli’qtan a’debiy si’ndi’ rawajlandi’ri’w birinshi gezekte a’debiyatshi’-si’nshi’ ilimpazlardi’n’, qa’nigeli jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ wazi’ypasi’ yekenin atap wo’tpekshimen.

A’debiy si’nni’n’ rawajlani’wi’ ushi’n sog’an i’layi’q ko’rkem a’debiyatti’n’ do’reliw za’ru’rligi de bar. Biraq buni’n’ menen ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’rkem shi’g’armalar do’retilmey ati’r demekshi yemespen. Al sol do’retilip ati’rg’an shi’g’armalarg’a wo’z waqti’nda qali’s pikir bildiriw, tilekke qarsi’, to’men. XX a’sirdin’ 60-70- ji’llari’ndag’i’ a’debiy si’nni’n’ aktivligi bu’gin jetispey ati’r. Jasqanshaqli’q ko’rsetiw, tek kewilge qarap is ju’rgiziw yendigiden bi’lay jaramaydi’. Bul bizin’ a’debiyati’mi’zdi’ alg’a qaray rawajlandi’rmaydi’. Bizde do’geregimizge qarap, basqa xali’qlar a’debiyati’ndag’i’ a’debiy processke boy jari’sti’ri’wi’mi’z kerektey tuyi’lmaqta.»[73]- dep woqi’wshi’larg’a woy saladi’. Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n ha’m a’debiy teoriyali’q maqalalardi’n’ ani’q sani’n, avtorlar klassifikaciyasi’n ha’m materiallar tematikasi’n, janrli’q ha’r tu’rliligin ani’q faktler tiykari’nda ko’rsetip bergen.

[73] Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qarakalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’.

Q. Worazi’mbetovti’n’ bul «Si’n du’zelmey min du’zelmeydi» dep atalg’an maqalasi’nda Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiyatshi’ ali’mlar, aspirantlar ha’m izleniwshiler ta’repinen a’debiy si’n ha’m a’debiy teoriyali’q maqalalar jeterli da’rejede ja’riyalani’p ati’rma degen sorawg’a juwap izleydi ha’m ilimiy izertlew na’tiyjesinde juwmaq shi’g’aradi’. Ma’selen maqalada: «Usi’ basli’mlarda wo’tken ji’li’ irili-maydali’ 112 maqala ja’riyalandi’. Bul ko’pe az ba? Menin’she ko’p yemes. Wolardi’n’ basi’m ko’pshiligi jazi’wshi’-shayi’rlardi’n yubileylerine baylani’sli’ jazi’lg’an yamasa studentlerdin’, magistrlerdin’, aspirantlardi’n’ yesap ushi’n kerek bolg’anli’qtan ma’jbu’riy jazi’lg’an maqalalari’ yekenligin yesapqa alsaq bul ma’sele ja’ne de aydi’nlasadi’.»[74]

A’lbette, a’debiy si’n rawajlanbay turi’p a’debiyat rawajlanbaydi’. Sonli’qtan da ali’m B. İsmaylov wo’zinin’ «A’debiy kritikani’n’ ha’zirgi jag’dayi’ ha’m wazi’ypalari’» degen miynetinde «A’debiyat penen woni’n’ kritikasi’, woni’ izertlewshi ilimi bir-biri menen organikali’q baylani’sta wo’sedi, bir-birinin’ qa’nshelli da’rejede wo’siwine ta’sir jasaydi’, ha’r bir da’wirdin’ a’debiy kritikasi’ni’n’ tiykarg’i’ mazmuni’n, bag’dari’n sol da’wirdin’ a’debiy wo’miri belgileydi. A’debiy kritikani’n’ talapshan’li’g’i’nan, a’debiy turmi’sqa aktiv, principial ha’m sawatli’ aralasi’wi’nan a’debiyatti’n’ wo’siw masshtabi’ da, ko’rkem shi’g’armalardi’n’ ko’rkemlik sapasi’ da ko’p jag’i’nan g’a’rezli boladi’.»[75]- dep ko’rsetedi.

Q. Worazi’mbetovti’n’ bul «Si’n du’zelmey min du’zelmeydi» maqalasi’nda a’debiy si’n ha’m a’debiyat teoriyasi’ bag’dari’nda materiallar az berilip ati’rg’anli’g’i’n ayta kelip, bazi’ bir izertlewshilerdin’ baspaso’zde ja’riyalang’an teoriyali’q maqalalari’ si’nga’ ali’nadi’. Ma’selen: «Biraq jurnalda ja’riyalang’an maqalalardi’n’ ko’pshiligi, joqari’da atap wo’tkenimizdey, aspirantlardi’n’, izleniwshilerdin’ maqalalari’. Wolardi’n’ birazi’ dissertaciyalar jaqlaw kerek bolg’anli’qtan jazi’lg’an ha’m talapqa juwap bermeydi, teoriyali’q bazasi’ isenimli

---

[74] Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qarakalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’.
[75] Nurmuxamedov h.t.b. Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ ma’seleleri. 1-toplam. – No’kis: Qaraqalpaqstan. – B. 74.

yemes. Duri’s, teoriyali’q maqalalar jazi’li’wi’ kerek, biraq wog’an qoyi’latug’i’n talaplar bar: woni’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’ ani’q boli’wi’, i’qsham teoriyali’q ma’selege quri’li’wi’, teoriyali’q jan’ali’g’i’, aktualli’g’i’ yesapqa ali’ni’wi’ tiyis. Tilekke qarsi’, ko’pshilik maqalalarda bul talaplar yesapqa ali’nbag’an. Bir mi’sal keltireyik. Jurnaldi’n’ 2-sani’nda T. Yesemuratovti’n’ «XX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’nda janrli’q formalar» degen maqalasi’ ja’riyalang’an. Avtordi’n’ niyeti du’zew. A’yne sol da’wirdegi janrli’q formalar qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde jeterli izertlenbedi. Biraq jas izertlewshinin’ teoriyali’q tayarli’g’i’ jetkilikli yemes. Maqalada qa’te teoriyali’q tu’sinikler wori’n alg’an, ha’tteki, avtor mazmun ha’m formag’a tiyisli elementlerdi de duri’s aji’rata almag’an.»[76]-dep wo’tkir til menen si’ng’a aladi’.

Sonday-aq, maqalada «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’na da bahali’ pikirlerin bildirip wo’tedi: «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’ wo’tken ji’li’ shi’g’i’p baslawi’na qaramastan qa’lem iyelerinin’ haqi’yqi’y tribunasi’na aylandi’. Ayti’wi’mi’z kerek, gazetani’n’ 4 tilde shi’g’i’wi’, qaraqalpaq a’debiyati’n’an ti’sqari’ wo’zbek, wori’s, du’nya a’debiyati’ni’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerin ja’riyalap bari’wi’ gazetani’n’ woqi’wshi’lari’ni’n’ ko’beyip ha’m avtorlar ja’ma’a’tinin’ kem-kemnen ken’eyip bari’wi’na imkaniyat jaratpaqta. Gazetada ja’riyalani’p ati’rg’an materiallardi’n’ sapasi’ da, ha’r qi’yli’ janrda yekenligi de woni’n’ abroyi’n artti’rmaqta. Demek, gazetani’n’ bunan bi’lay da sapali’ ha’m ko’p tirajda shi’g’i’wi’na u’les qosi’wi’mi’z kerek.»[77]-dep ko’rsetedi.

Avtordi’n’ bul a’debiy si’ni’nda ilimiy til ha’m stil u’stinlik qi’lg’an. Sebebi, wol ali’m. Sonli’qtan da, woni’n’ maqalasi’nda ilimiy izertlewge, faktlerdi analiz yetiwge bolg’an meyllik ku’shli seziledi. A’debiy si’nni’n’ wo’tkirligide, sheberligide sonda ko’rinedi.

---

[76]Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qarakalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’

[77] Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qarakalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2012-ji’l 10-aprel №44- sani’nda ja’riyalang’an Sharap Usnatdinovti’n’ «Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’» (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) atamasi’ndag’i’ a’debiy si’ni’nda bolsa, publicistikali’q stilden ha’m xali’q tilinen sheber paydalang’anli’g’i’n ko’remiz. Maqalada avtor Worazbay A’bdiraxmanovti’n’ «Qaraqalpaq du’n’yasi’», Gu’listan Matyakubovani’n’ «Watan ruwxi’», Tamara Masharipovani’n’ «Wo’zimdi izleymen», Yesenbay Yermanovti’n’ «Da’wlet qusi’» toplamlari’na kirgen publicistika ha’m ocherklerin analiz yetiwden aldi’n publicistika ha’m ocherk janrlari’ boyi’nsha xali’qti’n’ so’yler tili menen publicistikali’q stilde obrazli’ tu’sinik beredi.

Ma’selen, avtor a’debiy si’nni’n’ kirisiw bo’liminde: «Ko’rkem a’debiyatta ko’rkem publicistika ha’m ocherkti keleshekte tuwi’latug’i’n u’lken epikali’q shi’g’armalardi’n’ jarshi’si’ yamasa qaraqulag’i’ dep ataydi’… Bulardi’n’ ko’pshiligi aradan ji’llar wo’tiwi menen keminde povest yamasa roman, roman-diologiya, trilogiyalarg’a tiykar boli’p, «qaraqulaqtan» jolbari’s, arsi’lanlar tuwi’ladi’…» -dep ha’mmege tu’sinikli tilde, obrazli’ ha’m qi’zi’qli’ si’patlama beredi. A’lbette, bul publicistke ta’n bolg’an stil.

Sh.Usnatdinov bul a’debiy si’ni’nda qurg’aq bayanlawdan da, teren’ ilimiy stilden de qashi’p, ko’rkem shi’g’armalarg’a pikir ha’m bahalawlari’n publicistikali’q usi’l menen sheber bere alg’an.

Avtor publicistikada ko’terin’kilik ruwxti’n’ boli’wi’ kerekligin teoriyali’q ani’qlamalar menen yemes, al boli’p wo’tken waqi’yalardag’i’ halatlardi’ ko’rsetip beriw arqali’ tu’sindiredi. Ma’selen maqalada: «Woqi’wshi’larg’a tu’sinikli boli’wi’ ushi’n bir mi’sal keltireyin. G’a’rezsizligimizdin’ 20 ji’lli’g’i’ mu’na’sebeti menen No’kistegi Olimpiada rezervleri kolledjinde jaslar menen ushi’rasi’wg’a bardi’m. Bes ret ja’ha’n chempioni’, kolledj direktori’ Yerkinbay Quti’baev penen woti’ri’p zalg’a qarayman. Aldi’n’g’i’ qatarda jas, worta jastag’i’ woqi’ti’wshi’lar, aralari’nda yekinshi jer ju’zilik uri’sti’n’ qatnasi’wshi’si’ Nikolay Chikov aqsaqal da ko’rinedi. Qalg’anlari’ni’n’ ba’ri won to’rt-wonbes jasar

balalar. Qullasi', u'sh a'wlad wa'killeri woti'r. Bayanati'mdi' wo'spirimlerge biyimlep, solarg'a tu'sinikli tilde so'ylewim kerek…

– Aran'i'zda uyali', qol telefoni' joq bala barma, qol ko'tersin, - dedim zalg'a qarata. Ha'mme ti'm-ti'ri's, ko'terilgen qol joq.

– Bunnan won ji'l buri'n Wo'zbekstan boyi'nsha ha'r mi'n' adamni'n' to'rtewinde qol telefoni' bar yedi. Bu'gin mi'n' adamni'n' alti' ju'zinde usi'nday telefonlari' bar. Birewlerininde yeki-u'shewden. Qalg'anlari' besiktegi balalar… Ha'mmesi ku'lip jiberdi.

– Bu'gin Wo'zbekstani'mi'z boyi'nsha, - dep dawam yettim ja'ne,- ha'r ju'z shan'araqtan jigirma jetisinde jen'il avtomashina bar. Yeger pu'tkil yelimiz benen bir jerge qi'di'ratug'i'n bolaq, ha'r mashinag'a to'rt adamnan woti'rami'z. Hesh kim piyada qalmaydi'! Zalda ja'ne duw ku'lki.

– Wo'zbekstanda wo'tken 20 ji'l ishinde 1200 sport imaratlari' quri'ldi'. Ani'g'i'n aytqanda, wolardi'n' quri'li'si' tiykari'nan 1997-ji'li' baslandi'. Wo'tken won u'sh ji'lg'a bo'lsek, ha'r ji'li' 92 den tuwri' keledi. Du'nyada ha'r ji'li' tek sport boyi'nsha usi'nshama imarat quri'lg'an qaysi' yeldi bilesiz? Zal ti'm-ti'ri's. Biraq ishlerinen hayran qali'p woti'rg'ani'n sezip turman.

Bulardi' ayti'p woti'rg'ani'm, men quri' faktlerdi, yerisilgen tabi'slardi' jadag'ay sanaq sanlar menen ko'rsete bermey, wo'zimnin' publicistlik usi'li'mdi' qollani'p, ha'mmeni tan'landi'ri'w arqali' isendirdim. Ku'ni menengi, publicistika adamda joqari' ko'terin'kilik payda yetiw, isendiriw ha'm ruwxlandi'ri'w arqali' ko'z-qaras woyatadi', tu'sindiredi degenimiz usi'g'an uqsas boladi'…»[78] - dep bunnan son' Worazbay A'bdiraxmanovti'n' «Qaraqalpaq du'nyasi'», Gu'listan Matyakubovani'n' «Watan ruwxi'», Tamara Masharipovani'n' «Wo'zimdi izleymen», Yesenbay Yermanovti'n' «Da'wlet qusi'» toplamlari'na kirgen publicistika ha'm ocherklerin analiz yetiwge wo'tedi.

[78] Usnatdinov Sh. Ko'rkem a'debiyatti'n' ji'rshi'si' (publicistika ha'm ocherk janrlari'ni'n' bu'gingi jag'dayi' haqqi'nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji'l, 10-aprel'

Sh.Usnatdinovti’n’ «Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’» (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) dep atalg’an a’debiy si’ni’nda ko’rkemlew qurallari’nan, metafora, ten’ewlerden sheber paydalang’an. Ma’selen, bu’gingi baspaso’zde ayi’ri’m jazi’wshi’-jurnalistler publicistika ha’m ocherklerinde materialdi’ teren’ izertlemey, qaharmanni’n’ ku’ndelikli turmi’si’n, xarakterin toli’q u’yrenbey jazg’anli’g’i’ sebepli, wolarda ko’rkemlik ha’m obrazli’li’q jetispey qalatug’i’nli’g’i’n, ko’lemin ko’beytiw ushi’n wo’mirbayani’ boyi’nsha sanlardi’ qurg’aq keltiretug’i’nli’g’i’n to’mendegishe ko’rsetedi: «Bunday waqi’tta qag’az betin tolti’ri’p, ko’lemin ko’beytiw ushi’n qaharmanni’n’ wo’mirbayani’n dizip, ag’ayni kim, tuwi’sqani’ kim, neshe ret jumi’s wo’zgertti, alg’an «Hu’rmet jarli’qlari’»ni’n’ ayi’n, ji’li’n birim-birim sanap ko’rsetip, ha’zirgi zamanni’n’ ten’ewi menen aytqanda – «Zaparojec» avtomashinasi’ni’n’ man’layi’na «Nekciya» dep jazi’p qoyg’an menen barabar.»- dep ten’ewlerden qi’zi’qli’ yetip sheber paydalang’an.

Soni’n’ menen birge, Sh.Usnatdinovti’n’ bul maqalasi’nda bu’gingi baspaso’zde ja’riyalang’an publicistika ha’m ocherklerdi publicistikali’q stil menen bir qatarda, ilimiy stilge jaqi’n tilde analiz yetkenligin ko’remiz. Ma’selen, publicistika ha’m ocherklerge, woni’n’ teoriyali’q si’patlari’na ani’qlama bererde wo’zbek ha’m rus ali’mlari’ni’n’ pikirlerinen paydalani’p, ilimiy tilge jaqi’n tilde terminlerge tu’sinik beredi. Biraq buni’ sap ilimiy stil dep te bolmaydi’. Sebebi, wonda publicistlik usi’l elementleri sezilip turadi’. Mi’sali’ maqalada: «Ko’rkem publicistika ha’m ocherktin’ siyasiy, sociallaq ko’z-qaras ha’m ja’miyetlik pikirdi qa’liplestiriwdegi basli’ qurallari’ni’n’ biri obrazli’li’q boli’p tabi’ladi’. Wol «otobrazit`» si’zi’w, adam qi’yali’ndag’i’ na’rselerdi ti’msallar, ten’ewler, kerek jerinde milliy kolorit, sheberlik penen so’z saplaw arqali’ jarati’w degenge usag’an bir neshe do’retiwshilik talaplardi’ an’latadi’.

Publicisttin’ «qoli’nda» ko’rkem til, ko’z aldi’nda wo’mir haqi’yqatli’g’i’, jan’a zaman adami’, syujet, kompoziciya ha’m a’debiy sawat penen toplang’an ta’jiriybe bar. Bulardi’n’ ba’rin teren’ woy menen ja’mlep, ilha’m debdiwinde

kirisse, keleshekte u’lken prozali’q shi’g’armag’a tiykar salatug’i’n miynet do’reydi»[79] - deydi. Ko’rip turg’ani’mi’zday bunda ilimiy stil menen publicistikali’q usi’l sheber uyg’i’nlasqan. Teksttegi «so’z saplaw arqali’», «publicisttin’ «qoli’nda»» ga’p birikpeleri ilimiy stilge publicistikali’q ku’sh bag’i’shlap tur.

«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda «Tilge itibar – yelge itibar» rubrikasi’ menen Wo’zbekstan Jazi’wshi’lar awqami’ni’n’ ag’zasi’ J.Wo’teniyazovti’n’ «Jas jurnalistlerdi ta’rbiyalaw – wazi’ypami’z» dep atalg’an maqalasi’ni’n’ kompoziciyali’q quri’li’si’ u’sh bo’limnen ibarat boli’p, kirisiw bo’liminde gazeta materiallari’ ha’m teleko’rsetiwlerde bazi’ jas jurnalistler tilimizdi buzi’p paydalani’p ati’rg’anli’g’i’, woni’n’ keri aqi’betleri ha’m bunday kemshiliklerdin’ aldi’n ali’wg’a qarati’lg’an usi’ni’slar wori’n alg’an. Ma’selen maqalada: «Son’g’i’ waqi’tlari’ televidenie ko’rsetiwlerinde ha’m ayi’ri’m gazeta maqalalari’nda jas jurnalistlerdin’ qaraqalpaq tilin buzi’p so’ylewi, intervyu ali’wi’ ha’m jazi’wi’ ushi’rasi’p, tilimizdin’ tazali’g’i’n saqlawg’a itibarsi’zli’g’i’ bilinbekte. Televidenie ko’rsetiwlerinin’ sapasi’ jaqsi’lang’ani’ menen ayi’ri’m ta’jiriybesiz jaslar tilimizdi buzi’p, jas a’wladti’n’ yesitkenin yadlap qalatug’i’n ashi’q sanasi’na qa’te so’zlerdi sin’dirip, wolardi’n’ til bayli’g’i’ni’n’ qa’lliplesiwine zi’yani’n tiydirip ati’r. Wo’tken zamanlarda balalar ata-analari’nan yerteklerdi, jumbaq, jan’i’ltpashlardi’, baqsi’-ji’rawlardan da’stanlardi’ ti’n’lap, qaharmanlardi’n’ tilinen ana tilimizdi u’yrengen bolsa, bu’gingi g’alaba xabar qurallari’ – televidenie menen radio ha’m gazetalar usi’ wazi’ypani’ atqari’p kelmekte. Millionlag’an xali’qqa usi’ni’lg’an ha’r bir ga’p, so’z dizbegi qa’te ayti’lmawi’, itibarg’a ali’ni’wi’ za’ru’r. G’alaba xabar qurallari’ni’n’ basshi’si’ ta’repinen arnawli’ buyri’q penen jas jurnalistlerge ta’jiriybeli ustazlar bekitilip, ha’r ko’rsetiw yefirge ketpesten buri’n qatan’ tekseriliwi tiyis. Yeger de ha’r ko’rsetiw qaytalani’p, yeki-u’sh ma’rte qa’te so’zler efirden kete berse, yendi

[79] Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel

wonlag'an ji'ldan son' ana tilimizdi wo'zimiz de tu'sinbey qalami'z.»[80] -dep mashqalani'n' nede yekenligin, woni' saplasti'ri'w boyi'nsha wo'z pikir ha'm usi'ni'slari'n bildiredi.

J.Wo'teniyazovti'n' «Jas jurnalistlerdi ta'rbiyalaw – wazi'ypami'z» dep atalg'an maqalasi'ni'n' yekinshi yag'ni'y tiykarg'i' bo'liminde teleko'rsetiw ha'm radioessittiriwlerde natuwri' qollani'li'p ati'rg'an so'z ha'm so dizbeklerin tablica arqali' ko'rsetip beriw usi'li'nan sheber paydalanadi'. Bul tablicani'n' birinshi punktinde so'z ha'm so'z dizbeklerinin' ko'rsetiwlerde ayti'li'wi', yekinshinde, qanday ma'ni beriw ushi'n qollani'lg'ani' (duri's ayti'li'wi'), al u'shinshi punktinde bolsa, qa'te so'zdin' (so'z dizbeginin') qaraqalpaqsha ma'nisi berilgen.

Ma'selen, maqalada to'mendegishe keltirilgen:

**Ku'ndelikli teleko'rsetiw ha'm radioesittiriwlerde to'mendegi so'z ha'm so'z dizbeklerinin' qa'te ma'nide qollani'li'wi' ushi'rasi'p ati'r:**

| **Ko'rsetiwlerde ayti'li'wi'** | **Qanday ma'ni beriw ushi'n qollani'lg'ani' (duri's ayti'li'wi')** | **Qa'te so'zdin' (so'z dizbeginin') qaraqalpaqsha ma'nisi** |
|---|---|---|
| kim boli'wi'na **qati'iy na'zer** | kim boli'wi'na **qaramastan** | **«qati'iy na'zer»** degen so'z joq |
| ni'zamg'a **a'mel qi'li'w** | ni'zamg'a **boysi'nbaw** | **«ha'mel qi'li'w»** so'zi – gu'reskende «a'dis, usi'l qollaw» ma'nisin beredi |
| ken'eslerge **a'mel qi'lsan'i'z** | ken'eslerge **qulaq assan'i'z** | **«ha'mel qi'li'w»** usi'l qollaw |
| **umti'li'wshan'li'g'i'** | **umti'li'wshi'li'g'i'** | **«alg'a talpi'ni'w»** |
| ni'zam **u'stinligi** | ni'zam **u'stemligi** | qaraqalpaqsha **«u'stin»** so'zi **«joqari'»** degen ma'nini, al wo'zbekshe **«ustun»** so'zi bizdegi – **«su'tin»** (russha – **«stolba»**), yag'ni'y bizde **«bag'ana»** so'zinin' ma'nisin beredi |

- dep usi' ta'qilettegi jigirma alti' so'zdi tablicag'a tu'siredi.

Biraq, avtor bul so'z ha'm so'z dizbekleri qaysi' teleko'rsetiwde yamasa radioesittiriwde qashan, kim ta'repinen qollani'lg'ani' haqqi'ndag'i' faktti ani'q ko'rsetpegen. Maqalada «Joqari'da keltirilgen qa'te ma'nidegi so'z dizbeklerin, so'zlerdi qollang'an jas jurnalistlerdin' ayti'p woti'ri'w sha'rt yemes, al, ha'r bir

[80] Wo'teniyazov J. Jas jurnalistlerdi ta'rbiyalaw – wazi'ypami'z // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji'l, 2-avgust

ta’jiriybeli jurnalist wolarg’a ja’rdem yetkeni maqul dep yesaplayman.»[81]- dep ko’rsetedi. Pikirimizshe avtordi’n’ tiykarg’i’ maqseti ayi’ri’m jas jurnalistler tablicadan paydalang’an halda wo’z til bayli’g’i’n jetilistiriwge qarati’lg’an.

Baspaso’zde shi’g’arma yaki teleko’rsetiwlerdegi qa’te kemshiliklerdi yamasa, jetiskenliklerdi bunday tablica formasi’nda beriwde jurnalisttin’ waqi’yali’qti’ sa’wlelendiriwdegi o’zine ta’n usi’li’ boli’p yesaplanadi’.

Solay yetip, Qaraqalpaqstan baspaso’zine a’debiy si’n materiallari’n tayarlawda ha’r bir si’nshi’ni’n’ wo’zine ta’n sheberligin ko’remiz.

Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’nda informaciyani’n’ maqsetke bag’darlang’an, faktologiyali’q, usi’ni’s si’pati’ndag’i’ formalari’n ko’riwimiz mu’mkin.

A’debiy si’n materiallari’ baspaso’zde filolog ali’mlar, jurnalist-publicistler ta’repinen sheber tayarlani’p jariyalanbaqta. Wolar ko’rkem shi’g’armalardi’ si’ng’a alg’anda u’stirtin pikirlerge, qurg’aq bayanlawlarg’a jol qoymag’an.

[81] Wo’teniyazov J. Jas jurnalistlerdi ta’rbiyalaw – wazi’ypami’z // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji’l, 2-avgust

## JUWMAQLAW

G’a’rezsizlik da’wirinde barli’q tarawlarda bolg’ani’ si’yaqli’ jurnalistikali’q ha’m publicistikali’q do’retpelerde, sonday-aq a’debiyatta ha’m ko’rkem a’debiy shi’g’armalarda u’lken jan’ali’qlar ha’m jan’alani’wlar ju’z berdi. Bul jan’alani’wlar a’debiyatta turmi’s shi’nli’g’i’ni’n’ zaman haqi’yqatli’g’i’ni’n’ sa’wleleniwinde wo’z ko’rinisin tapti’. A’sirese, ko’rkem shi’g’armalarda da’wir shi’nli’g’i’ obrazlar arqali’ ashi’p berildi. A’debiyatta turmi’s shi’nli’g’i’ni’n’ ha’mde zaman haqi’yqatli’g’i’ni’n’ sa’wleleniwin Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ arqali’da ko’riwimiz mu’mkin.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ jiye qollani’li’p kiyati’rg’an janrlardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Bul janr a’debiyat penen barabar rawajlani’p, si’baylas boli’p kelmekte. Sonli’qtan da, a’debiy si’n bag’dari’ndag’i’ materiallar baspaso’zde buri’ng’i’ awqam da’wirinde de, ha’zirgi zamanago’y jurnalistikada da ken’ qollani’li’p kiyati’rg’an janrlardan yesaplanadi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ baspaso’zdin’ informaciyali’q, analitikali’q ha’m ko’rkem publicistikali’q janrlari’ si’yaqli’ u’lken wori’ndi’ iyeleydi. Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalani’p ati’rg’an a’debiy si’n materiallari’ wo’zinde publicistikali’q janrlardi’n’ ba’rshe qa’siyetlerin ja’mlegenligin ko’remiz.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ha’r ta’repleme jetiliske, teren’ woyli’, aytar aqi’li’ bar, a’debiyatti’ rawajlandi’ri’wg’a at sali’si’p ati’rg’an to’reli ha’mde sapali’ a’debiy si’n materiallari’n da jiye ushi’ratami’z. Wolarda buri’ng’i’ da’wir baspaso’zdegi a’debiy si’nlari’nday subektiv pikirler yemes, al, haqi’yqi’y si’n ko’z-qaras penen ko’rkem shi’g’armalardi’n’ analizin ko’remiz.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’ arqali’ a’debiy si’n menen a’debiyattani’w iliminin’ masshtabi’ni’n’ ken’eygenligin, woni’n’ teoriyali’q sapasi’ni’n’ sezilerli da’rejede jaqsi’lani’p, iri-iri a’debiy si’nli’q miynetlerdin’ do’regenligin qanaatlani’wshi’li’q penen belgilep wo’tiwimiz kerek.

G’a’rezsizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n bag’dari’nda bir qatar materiallar ja’riyalang’an. Bul materiallardi’n’ avtorlar klassifikaciyasi’na itibar beretug’i’n bolsaq, wolardi’n’ tiykari’n a’debiyatshi’ ali’mlar, jurnalist-publicistler, filosof ha’m tariyxshi’ ali’mlar quraydi’. Atap aytqanda, Q.Ja’ri’mbetov, Q.Worazi’mbetov, Sh.Usnatdinov, A.A’bdiev, J.Bazarbaev, Sh.Babashev, A’.Atajanov, H.Wo’temuratova, Wo.Yusupov ha’m tag’i’ basqalarda avtorlar a’debiy si’n janri’ndag’i’ maqalalari’ menen baspaso’zge na’tiyjeli qatnasqan.

A’debiy si’nni’n’ wo’zine ta’n ja’ne bir wo’zgesheligi sonda, wol ko’rkem shi’g’armalardi’ tallap, bahalaw arqali’ turmi’sqa belsindi aralasi’w mu’mkinshiligine iye boladi’, jazi’wshi’ ta’repinen do’retilgen obrazlarg’a tiykarlani’p, wo’z waqti’ni’n’ ja’miyetlik ko’z-qarasi’n, a’hmiyetli ma’selelerin wortag’a qoyadi’, waqi’t ta’repinen alg’a qoyi’lg’an talasli’ ma’selelerge belsene qatnasadi’. Solay yetip, ko’rkem shi’g’armag’a tiyisli baha bere aladi’.

Uli’wma aytqanda, Qaraqalpaqstan baspaso’zinde a’debiy si’n materiallari’ni’n’ tutqan worni’ u’lken yekenligin ko’remiz. Sebebi wonda filolog ali’mlar, jurnalist-publicistler ko’rkem shi’g’armalardi’ ha’r ta’repleme analiz yetip, bahalaw arqali’ turmi’sqa belsindi aralasi’w mu’mkinshiligine iye boldi’. Jazi’wshi’lar ta’repinen do’retilgen obrazlarg’a tiykarlani’p, g’a’rezsizlik da’wirinin’ ja’miyetlik ko’z-qarasi’n, a’hmiyetli ma’selelerin wortaqlasdi’. Sonday-aq, baspaso’z arqali’ a’debiyattani’w iliminin’ alg’a qoyi’lg’an talasli’ ma’selelerin analiz yetiwge belsene qatnasdi’. Solay yetip, a’debiy si’n materiallari’ menen ko’rkem shi’g’armalarg’a tiyisli woy-pikirlerin, obketiv bahasi’n bere aladi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalani’p ati’rg’an a’debiy si’n materiallari’ ko’rkem shi’g’armalardag’i’ a’hmiyetli ha’diyseler, waqi’yalar tallanadi’, izertlenedi, u’yreniledi ha’m si’n ko’z-qarastan baha beriledi. Baspaso’zdegi a’debiy si’n materiallari’ ko’rkem shi’g’armalardi’ si’n ko’z-

qarastan u’yreniw menen bir qatarda, wolar haqqi’ndag’i’ informaciyani’ ken’ ja’miyetshilikke jetkeriw qa’siyetine de iye.

Baspaso’zde ja’riyalani’li’p kiyati’rg’an a’debiy si’n materiallari’n bir neshe bag’darlarg’a bo’liw mu’mkin. Bu’gingi qaraqalpaq baspaso’zinde ja’riyalani’p ati’rg’an a’debiy si’n materiallari’ janrli’q jaqtan prozali’q, poeziyali’q, publicistikali’q ha’m ilimiy-publicistikali’q bag’dardag’i’ shi’g’armalardi’ si’nnan o’tkeriwge qarati’lg’an. Soni’da ayti’p o’tiw kerek, Qaraqalpaqstan baspaso’zinin’ biz u’yrengen da’wir ishinde drammali’q bag’dardag’i’ shi’g’armalardi’ wo’zinde ja’mlegen a’debiy si’n materiallari’n ushi’ratpadi’q. Bul da’wirdegi ja’riyalang’an a’debiy si’n janri’ndag’i’ materiallardi’n’ basi’m ko’pshiligi prozali’q (roman, roman-esse, povest, gu’rrin’), poeziyali’q (qosi’q) bag’dardag’i’ shi’g’armalardi’ u’yreniwge bag’i’shlang’an. Sonday-aq, publicistikali’q tematika bag’dardag’i’dag’i’ a’debiy si’n materiallari’di’ azli’-kem ushi’rasadi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde prozali’q janrdag’i’ do’retpelerdi u’yreniwge bag’darlang’an a’debiy si’n materiallari’nda roman, povest, gu’rrin’lerdin’ ko’rkemligi, tili ha’m stilik wo’zinshelligi usag’an basqada si’patlari’n ashi’p beriw menen birge, wolar haqqi’nda toli’q mag’li’wmatlardi’ da berip woti’radi’.

Bizin’ pikirimizshe a’debiy si’nni’n’ tematikali’q bag’dari’n tek g’ana prozali’q, poeziyali’q, publicistikali’q ha’m ilimiy-publicistikali’q bag’dardag’i’ shi’g’armalar menen sheklep bolmaydi’. Bulardi’n’ qatari’na baspaso’zde ja’riyalani’p ati’rg’an jurnalistlik do’repelerde (maqala, intervyu, repartaj, su’wretleme, ocherk h.t.b.) a’debiy si’nni’n’ tematikali’q bag’dari’na qosi’li’wi’ maqsetke muwapi’q bolar yedi. Tilekke qarsi’, Qaraqalpaqstan baspaso’zinin’ biz u’yrengen da’wir ishinde a’debiy si’n materiallari’ni’n’ jaqori’da atap wo’tilgen tematikadag’i’ materiallardi’ derlik ushi’ratpadi’q. Bul bag’darda tek bir-yeki a’debiy si’n materiali’ ushi’rasadi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an poeziyali’q shi’g’armalardi’ u’yreniwshi a’debiy si’n materiallar arqali’da auditoriya jan’a qosi’qlar, wolardi’n’

avtorlari’, tematikasi’, ko’rkemlik da’rejesi boyi’nsha informaciya ali’wi’ mu’mkin.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’nda informaciyali’q si’patti’n’ maqsetke bag’darlang’an, faktologiyali’q, usi’ni’s si’pati’ndag’i’ informaciyalardi’ ko’riwimiz mu’mkin. Baspaso’zdegi a’debiy si’n materiallari’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti qandayda bir shag’armani’ tallaw, tu’sindiriw ha’m bahalaw bolsa da, bul si’patlardi’ a’melge asi’ri’wda informaciyali’q qa’siyetlerden paydalanadi’.

Juwmaqlap aytqanda, a’debiy si’n ma’lim bir shi’g’armani’n’ ken’ ja’miyetshilikke toli’g’i’raq jetip bari’wi’n ha’mde informaciya ag’i’mi’na kiriwin ta’miynleydi. Soni’n’ menen birge, ko’rkem shi’g’armag’a auditoriyani’n’ di’qqat itibari’n qati’p, woni’n’ g’alabali’q yen jayi’li’wi’na tiykar jaratadi’.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde ja’riyalang’an a’debiy si’n materiallari’n woqi’p u’yrengenimizde ha’r bir publicisttin’ wo’zine ta’n stili, tili, waqi’yali’qti’ tallaw ha’m faktlerdi analiz yetiw sheberligi bar yekenliginin’ guwasi’ boldi’q. Publicist sheberligi degenimizde birinshi gezekte woni’n’ til normalari’nan wori’nli’ paydalana biliw uqi’bi’, stillik wo’zinshelligi, materialdi’n’ kompoziciyali’q strukturasi’n i’qsham du’ze ali’w sheberligi tu’siniledi. Bul ha’r bir publicisttin’ bilim da’rejesi, woylaw qa’bileti ha’m woni’n’ du’nyag’a ko’z-qarasi’nan kelip shi’g’atug’i’n process. Sonli’qtan da, ha’r bir publicisttin’ sheberligi ha’r qi’yli’ elementleri menen belgilenedi.

A’lbette, a’debiy si’n materialli’n tayarlaw ba’rshe jazi’wshi’-publicist yamasa jurnalist qoli’nan ten’dey kele bermeydi. Bul u’lken ta’jiriybeni ha’m bilimdi talap yetedi. Si’nshi’ shi’g’arma avtori’nan uzag’i’raqti’ ko’re ali’wi’, teren’irek pikirley biliwi lazi’m. Sebebi, wol sol shi’g’armag’a baha beriwshi yesaplanadi’. Solay yetip, Qaraqalpaqstan baspaso’zine a’debiy si’n materiallari’n tayarlawda ha’r bir si’nshi’ni’n’ wo’zine ta’n sheberligin ko’remiz.

Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaqstan baspaso'zinde ja'riyalang'an a'debiy si'n materiallari'nda informaciyani'n' maqsetke bag'darlang'an, faktologiyali'q, usi'ni's si'pati'ndag'i' formalari'n ko'riwimiz mu'mkin.

A'debiy si'n materiallari' baspaso'zde filolog ali'mlar, jurnalist-publicistler ta'repinen sheber tayarlani'p jariyalanbaqta. Wolar ko'rkem shi'g'armalardi' si'ng'a alg'anda u'stirtin pikirlerge, qurg'aq bayanlawlarg'a jol qoymag'an.

## PAYDALANILG’AN A’DEBİYATLAR DİZİMİ


1. Karimov İ.A. O’zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. T.I. -T.: O’zbekiston. 1996. –364 b.
2. Karimov İ.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin. T.II. -T.: O’zbekiston. 1996.
3. Karimov İ.A. Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir. T.III. -T: O’zbekiston. 1996.
4. Karimov İ.A. Bunyodkorlik yo’lidan. T.IV -T.: O’zbekiston. 1996. –349 b.
5. Karimov İ.A. Yangicha fikrlash va ishlash - davr talabi. T.V. -T.: O’zbekiston. 1997. –384 b.
6. Karimov İ.A. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo’lida. T.VI. -T.: O’zbekiston. 1998. –429 b.
7. Karimov İ.A. Biz kelajagimizni o’z qwlimiz bilan quramiz. T.VII. -T.: O’zbekiston. 1999. –410 b.
8. Karimov İ.A. Ozod va obod vatan, erkin va farovon hayot - pirovard maqsadimiz. T.VIII. – T.: O’zbekiston. 2000. –528 b.
9. Karimov İ.A. Vatan ravnaqi uchun har birimiz ma’sulmiz. T.IX. -T.: O’zbekiston. 2001. –432 b.
10. Karimov İ.A. Xavfsizlik va tinchlik uchun kurashmoq kerak. T. X. –T.: O’zbekiston. 2002. –432 b.
11. Karimov İ.A. Biz tanlagan yo’l – demokratik taraqqiyot va ma’rifiy dunyo bilan hamkorlik yo’li. T. XI. –T. O’zbekiston. 2003. –320 b.
12. Karimov İ.A. O’zbekiston XXI asr bo’sag’asida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolotlari. -T.: O’zbekiston. 1997. –326.
13. Karimov İ.A. O’zbekiston buyuk kelajak sari. –T.: O’zbekiston. 1998.
14. Karimov İ.A. O’zbekiston kelajagi buyuk davlat. – T.: O’zbekiston. 1992.
15. Karimov İ.A. O’zbekistonda demokratik o’zlashtirishlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyat asoslarini shakllantirishning asosiy yo’nalishlari. – T.: O’zbekiston. 2002.

16. Karimov İ.A. Bizning bosh maqsadimiz jamiyatni demokratiyalashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir. – T.: O’zbekiston. 2005.
17. Karimov İ.A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: Ma’naviyat. 2008.
18. Wo’zbekiston Respublikasi Konstituciyasi. – T.: O’zbekiston. 2001. –115 b.
19. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’. – N.: Qaraqalpaqstan. 1993. –112 b.
20. To’rtinchi hokimiyat: O’zbekiston Respublikasining qonunlari, qarorlari va boshqa hujjatlari to’plami. – T.: Mehnat. 2003. –186 b.
21. Abduazizova N.A. O’zbekiston ommaviy axborot vositalari. –T.: Akademiya. 2003.
22. Axmedov S. Qaraqalpaq a’debiy si’ni’. – No’kis: Qaraqalpaqstan. 1993.
23. Bekbawliev D. Men redakciyadan… – No’kis: Qaraqalpaqstan. 1994.
24. Jari’mbetov Q. XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetleri ha’m rawajlani’w tari’iyxi’. – N.: Bilim. 2004.
25. Jurnalistika i politika. / Ya.N.Zasurskiy, E.A.Brankov, N.V.Shkondin i dr.; pod red. Ya.N.Zasurskogo.–M.:MGU.1987.–174 s.
26. Jumamuratova M. Jurnalistika ha’m a’debiyat. – No’kis: Qaraqalpaqstan. 1994.
27. Muminov F.A. Jurnalisckoe rassledovanie. -T.: Universitet. 2002. –90 s.
28. Mwminov F.A. Jurnalistika ijtimoiy institut sifatida. -T.: Universitet 1998. – 176 b.
29. Xudaykulov M. Jurnalistika va publitsistika. – Tashkent: Universitet. 2008. – B. 11
30. Nesterenko i dr. Trud jurnalista: professionalizm, tvorchestvo, masterstvo. Ucheb. posobie. Chast` I. -T.: Zar qalam. 2002. –182 s
31. Nurmuxamedov h.t.b. Qaraqalpaq A’debiyati’ni’n’ ma’seleleri. 1-toplam. – No`kis: Qaraqalpaqstan.
32. Worazi’mbetov Q. Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ evolyuciyasi’ ha’m tipologiyasi’. – No’kis: Bilim. 2004.

33. Proxorov E.P. Jurnalistika i demokratiya. -M.: MGU. 2001. –32 s.
34. Uchenova V.V. Publicistika i politika. -M.: Politizdat. 1973. –271 s.
35. Terti’chni’y A.A. Janri’ periodicheskoy pechati. – M.: Aspekt Press. 2002
36. Turdi’baev K.Q. XIX asr qoraqalpoq didaktik she’rlar (janr xususiyatlari va taraqqiyoti tarixi) filol. f. nomz… diss. avtoref. – Nukus: 2005.
37. Turdi’baev K.Q. Didaktikali’q qosi’qlar – ruwxi’yli’g’i’mi’z g’a’ziynesi. – No’kis: 2009.
38. Slovar sovremennogo russkogo literaturnogo yazi’ka. – Moskva: 1996.
39. Qalekeev Q. Qaraqalpaqstan baspaso’zi ha’m g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ ruwxi’y rawajlani’w. – No’kis. QMU. 2008.
40. Yernazarov Q.T. va boshq. Repartyorlik faoliyatining nazariyasi va amaliyoti. O’quv qo’llanma. -T.: O’zMU. 2002. –200 b.

## ANALİZ ETİLGEN BASPASO’Z MATERİALLARI

1. Q.Jari’mbetov, Q.Worazi’mbetovlardi’n’ «Si’nasan’ si’ni’p ketejaq (Ha’zirgi a’debiyattani’wdag’i’ ayri’m jumi’slar tuwrali’)» // «A’miwda’rya» jurnali’, 2007-ji’l, 4-san.
2. Worazi’mbetov Q. Si’n du’zelmey min du’zelmeydi. // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012- ji’l. Mart. №3 sani’.
3. Worazi’mbetov Q. Parodiya tu’p nusqag’a mu’na’sip bolsa // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l, noyabr №11 san
4. Worazi’mbetov Q., Sagi’ydullaeva J. Bas qaharmanni’n’ «yerlikleri» ha’m muhabbat woyi’nlari’ haqqi’nda shi’g’arma // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’. 2012-ji’l, yanvar. 1-san

5. Usnatdinov Sh. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ji’rshi’si’ (publicistika ha’m ocherk janrlari’ni’n’ bu’gingi jag’dayi’ haqqi’nda) // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 10-aprel

6. Babashev Sh. Tariyxi’y shaxslardi’n’ wo’mir tariyxi’ burmalanbasi’n //«Yerkin Qaraqalpaqstan», 2012-ji’l, 17-aprel

7. Atajanov A’. Salmaqli’ janrg’a si’n kerek // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l №4 san

8. A’bdiev A. Kishi janrg’a u’lken di’qqat kerek. // «Qaraqalpaq a’debiyati’» gazetasi’, 2012-ji’l №3 san

9. Bazarbaev J. «Jandi’ wotqa jag’armi’san’…» yamasa ju’rek tarlari’, u’mit da’ryasi’ // «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 2011-ji’l, 25-fevral

10. Wo’temuratova H., Yusupov Wo. «Qorqi’t ata tuwrali’ kitap» «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 2011-ji’l, 15-mart

11. Yesenov J. Teren’ tolg’ani’slardan tuwi’lg’an qosi’qlar // «A’miwda’rya» jurnali’, 2009-ji’l №3-sani’

12. Wo’teniyazov J. Jas jurnalistlerdi ta’rbiyalaw – wazi’ypami’z // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji’l, 2-avgust

13. Ja’niev S. Tilimiz sonshelli jarli’ma?.. yamasa «Ag’am, apam ha’m men» ko’rsetiwinen son’ tuwi’lg’an woylar // «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2011-ji’l, 29-oktyabr